**Министерство образования и науки Республики Адыгея**

**Государственное бюджетное учреждение дополнительного профессионального образования Республики Адыгея «Адыгейский республиканский институт повышения квалификации»**

# Тренировочные задания по родному (адыгейскому) языку

# Адыгабзэмк1э гъэцэк1энхэр

**Майкоп, 2022**

Министерство образования и науки Республики Адыгея

Государственное бюджетное учреждение дополнительного
профессионального образования Республики Адыгея
«Адыгейский республиканский институт повышения квалификации»

# Тренировочные задания по родному (адыгейскому) языку

*(для подготовки обучающихся к государственной итоговой аттестации)*
*(2-е издание, исправленное и дополненное)*

# Адыгабзэмк1э гъэцэк1энхэр

*(к1элэеджак1охэр къэралыгъо ушэтыным фэгъэхьазырыгъэнхэмк1э 1эпы1эгъу) (ят1онэрэ тедзэгъу, гъэтэрэзыжьыгъ ик1и хэгъэхъоныхэр фэш1ыгъэх)*

Майкоп, 2022

*УДК 811.352.3(075.8)*
*ББК 81.602Я73*
*Т 66*

***Ответственный за выпуск:***

***Шорова Жанна Казбековна,*** *заместитель директора по научной и инновационной деятельности Государственного бюджетного учреждения дополнительного профессионального образования Республики Адыгея «Адыгейский республиканский институт повышения квалификации», кандидат филологических наук*

***Авторы-составители:***
***Бедукадзе Сусана Рамазановна,*** *заведующий кафедрой гуманитарного и эстетического образования Государственного бюджетного учреждения дополнительного профессионального образования Республики Адыгея «Адыгейский Республиканский институт повышения квалификации», кандидат филологических наук;*

***Блипашаова Мира Довлетовна****, доцент кафедры адыгейской филологии ФГБОУ ВО «Адыгейский государственный университет» кандидат филологических наук;*

***Мамий Мариет Хабибовна****, главный специалист-эксперт отдела надзора и контроля в сфере образования, лицензирования и аккредитации Министерства образования и науки Республики Адыгея;*

***Темзокова Марина Меджидовна****, учитель адыгейского языка и адыгейской литературы Государственного бюджетного общеобразовательного учреждения Республики Адыгея «Адыгейская республиканская гимназия»;*

***Ожева Нагмет Гумеровна,*** *учитель высшей квалификационной категории родного (адыгейского) языка и родной (адыгейской) литературы МБОУ «Майкопская гимназия №5»*

***Рецензенты:***
***Шхалахова Римма Аюбовна****, доцент кафедры адыгейской филологии ФГБОУ ВО «Адыгейский государственный университет», кандидат филологических наук;*

***Кайтмесова Эмма Инверовна****, учитель адыгейского языка и адыгейской литературы МБОУ «Майкопская гимназия №22»;*

***Яхутль Зоя Азметовна****, учитель адыгейского языка и литературы МБОУ «Средняя школа № 2» МО «Город Майкоп»*

Тренировочные задания по родному (адыгейскому) языку: *для подготовки обучающихся к государственной итоговой аттестации* = Адыгабзэмк1э гъэцэк1энхэр (*к1элэеджак1охэр къэралыгъо ушэтыным фэгъэхьазырыгъэнхэмк1э 1эпы1эгъу*) / М-во образования и науки Респ. Адыгея ; авторы-составители: С.Р. Бедукадзе, М.Д. Блипашаова, М.Х. Мамий [и др.]; отв. за выпуск Ж.К. Шорова. – 2-е изд., исп. и доп. – Майкоп : АРИПК, 2022. – 106с.

Методическое пособие предназначено для проверки теоретических знаний, общих учебных умений и практических навыков обучающихся.

Пособие рекомендовано для использования учителями адыгейского языка и адыгейской литературы при подготовке обучающихся 9 классов к государственной итоговой аттестации по родному (адыгейскому) языку. Ответы и нормы оценивания прилагаются.

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### *Къушъхьэхъу отэртесхэм яхабз*

Зыми имытхагъэу, хэти афимыгъэуцугъэу къушъхьэхъу отэртесхэм зы хабзэ ахэлъыгъ: ащыщэу хэти 1оф 1энат1эу зы1утым хьалэлэу хэлэжьэныр, адрэхэм ащыгугъэу афемыплъэк1эу, ежь фэлъэк1ыщтым фэдиз хьылъэ ыхьыныр, къыготым къехьылъэк1эу хьылъэ лыягъэу телъыр ди1этыным сыдигъуи фэхьазырыныр. А къушъхьэхъу хабзэр отэртесхэм лъэшэу агъэлъап1эщтыгъэ ык1и дэх имы1эу агъэцак1эщтыгъэ. 1офым зыфыч1эбгъэоныр, къиныр нэмык1ым ыпшъэ дэбгъэк1ыным упылъыныр, сэ нахьыбэ сэш1э, модрэм нахь мак1э еш1э п1оу цэгъдэн зэрэшхыжьыр къэп1этыныр – ахэр а къушъхьэхъу хабзэм къемык1ухэу щытыгъ, ык1и ащ фэдэхэр къызхафэрэр джэгъуап1э аш1ыщтыгъэ, ары пак1ошъ, яотэр къытырафыпэу хъущтыгъэ. Ащ ыпэрэ илъэсым ащ фэдэ къызэхъул1агъэ горэ Василь инэрылъэгъу хъугъэ.

1эхъо ныбжьык1эмэ ащыщ горэм ащ фэдэ хьарыгъ-щырыгъ отэрым къыщи1этыгъагъ - сэ пстэумэ анахьыбэ сэш1э, модрэм нахь мак1эу еш1э ы1оу, мыразэу гъумт1ым зэпытэу, отэртесхэм ямызэгъэу захигъэушъхьафык1эу. «Сэры, сэсыер, сэ сипшъэрылъыр», - ы1оу къыригъэжьэгъагъ. Ц1ыф тхьамык1эу, цэгъдэнэу, зэгъыджэу къыч1эк1ыгъ. Бэрэ еушъыигъэх, агъэук1ытэ аш1оигъоу пылъыгъэх, ау зи къик1ыгъэп. Аузэ мафэ горэм зичэзыу 1эхъо к1алэу гъоищае хъугъэм ыч1ып1э ежь к1онэу къызыра1ом, афидэгъахэп, «сэ сичэзыу схьыгъэ» ы1уи. Ащ дэжьым отэртесхэр къызэрэугъэоихи и1оф а1уагъ: гъогу гъомлапхъэ рати, къуаджэм къат1упщыжьыгъ. Къыгъэзэжьи, къызхагъэхьажьыным бэрэ къык1элъэ1ужьыгъ, хэукъуагъэу ы1уагъ, нэпси къыригъэхыгъ, ау мыдрэхэм аштэжьыгъэп. Ар отэртесхэм къызэрэзыхафыгъэм икъэбар ячыли псынк1эу нэсыгъ. Ащ ыуж а к1алэр къушъхьэхъум хэти къыздищэжьыгъэп. Зыгорэм 1ахьъоу ыштэнэу елъэ1узэ къызырегъэуцуал1эм, адрэ чырэхэр зэужэу пэуцужьыгъэх: «Ар къызытхахьэрэм, тэ ты1утыжьыщтэп», - а1уи уцугъэх.

Джащ фэдагъ къушъхьэхъу тесхэм а яхабзэ к1уач1эу и1агъэр.

*(К1эрэщэ Т., «Хьаджрэт»)*

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### *Сиц1ык1угъор*

Сабыеу тиунагъо къихъуагъэмэ шъаоу ахэтыгъэр сэ зы закъор арыгъэ. Шъори шъош1эщтын ащыгъум адыгэмэ шъаор нахь зэрагъэлъап1эщтыгъэр. Лъэпкъ л1эужэу къэнэщтыр ары а1ощтыгъэ. Арэу зэрэщытымк1э, сэрэу шъэожъые закъоу унагъом я1эм къызэрэспылъыгъэхэмрэ къызэрэздек1ок1ыщтыгъэхэмрэ гуры1огъуаеп. Сэ сип1ун-гъэсэн 1офри сятэшым зы1эк1иубытэнэу рихъухьагъ. Ащк1э сятэрэ сянэрэ цыхьэ афиш1эу салъэхинэн ыдагъэп.

Ащ тетэу шъэожъые такъырэу т1эк1у зыкъызэрэсэ1этэу, сятэш ябгэм игъэсэп1э пхъашэ сифагъэу сыхъугъ. Л1ыгъэ зыхэлъмэ анахьыл1ыр сэрэу, адыгац1эми нахь фэшъуашэ сыхъунэу, анахь теубытэгъэ пытагъи схэлъынэу, сизек1уак1эк1и анахь сызлъыплъэжьэу, 1эдэб схэлъынэу сип1унэу сятэшыр сауж къихьагъ. К1эк1эу п1ощтмэ, ц1ыфым хэлъынк1э анахьышl0у адыгэмэ алъытэщтыгъэ шэн пстэури къысхилъхьанэу сятэшым мурад ыш1ыгъ. Ык1и, шъос1оныр ары, апэрэ егъэжьэгъумк1э сэ сятэшыр зыфэе шъыпкъэм фэдэу сыкъыч1эк1ыгъ.

Илъэс пш1ык1ут1у нахь сымыныбжьэу сэ адыгэ хэбзэ игъэк1отыгъэм тетэу хьак1эхэр къезгъэблэгъэн слъэк1эу сыхъугъагъ: псынк1эу нэш1о-гуш1оу къэлапчъэм дэжь сащыпэгъок1ыныр, зысымыгъэц1ык1оу, зызгъэл1эу, ау шъхьак1афи афэсш1эу адыгэмэ a1o хэбзэ «къеблагъэр» къек1оу къэсыупсэлъыныр, лъэрыгъ джабгъумрэ шхо1умрэ анахьыжъым фэсыубытэу къезгъэпсыхыныр, псынк1эу шыхэр шыш1о1ум сщэн ык1и, къэзгъэзэжьыны, хьак1эщым исщэнхи, якъамыщрэ ящыгъын к1ы1утелърэ къа1ысхыныр, ащ дэжьми сыхэмыукъоу хьак1эхэм анахьыжъым гу лъыстэны, анахьыпэу ащ сыкъыдек1ок1ыныр - а пстэури сш1эщтыгъэ. 1ашэ-шъуашэу хьак1эмэ къызпахыхэрэри хьак1эщым хэ1угъэ пкъэужъыехэмэ зэрапыслъэщт ш1ык1эми сыщыгъуазэу сыщытыгъ: ари нахьыжъыгъэ нахьык1агъэм епэсыгъэу щытыгъ. А пстэури зызгъэцэк1эрэ ужым, сэ сызэк1эк1ожьыти, синыбжьык1агъэм емыпэсыгъэу, сшъхьи слъытэжьэу, адрэхэми шъхьак1афэ афэсш1эу, хьак1эхэр зыфэе пстэури згъэцэк1энэу сыхьазырэу, чъыгъэм фэдэу пчъэкъуахэм сыкъоуцожьыными сыфэ1эзагъ.

А пстэури сыфагъэсагъэу сш1эщтыгъэ. Ау сабыигъом  анахь игуш1уагъоу, анахь уасэ зи1эр сэ си1агъэп ык1и зыфэдэри сш1эщтыгъэп. Фитэу сыджэгуныр, хэбзэ емык1у-ек1угъэм сикъыфызэмыплъэк1ыжьэу сыгу изы охъуфэ шым къырысчъыхьан, сырыджэгун фитыныгъэр си1агъэп. Сиц1ык1угъом щыублагъэу ащ фэдэ сабый гуш1уагъомэ сахэнызгъэу хъугъэ. Зек1ок1э хабзэу, емык1у-ек1угъэу сагъэш1агъэм яшапхъэк1э гъунэпкъэ зэжъу сфаш1ыгъэу, джэгун 1эш1угъи, чэфын гуш1уагъуи схэмылъыжьэу хъугъагъэ.

*(К1эрэщэ Т., «Умыуцумэ къиуцук1 у1ук1эн»)*

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### *Лъэпкъ ш1эжь*

Хэтрэ ц1ыфи лъэпкъэу зыщыщым гушхоныгъэ хигъуатэмэ игуап, лъэпкъым ыц1э щытхъугъэк1э ра1омэ ар шъхьаджи гуапэу ышъхьэ фехьыжьы, ежь къыдэхъугъэ ш1огъэшхок1э елъытэ. Ащ фэдэ къабз - лъэпкъым ищытхъу зытхырэр лъэпкъым изы нэбгырэ пэпчъ ары: нэбгырэ пэпчъ и1эш1агъ, изек1уак1, ишэн, игъэпсык1, ишъуаш. Джаущтэу нэбгырабэмэ яакъыл, яеплъык1э, язек1уак1э - зы мафэм, мазэм, илъэсым, зы лъэхъан гъэнэфагъэм, л1эш1эгъухэм - зэхэтк1ухьэхэзэ, лъэпкъ акъыл, лъэпкъ теплъэ, шъуашэ, шапхъэ мэхъух; ащ ягъэпсык1э лъэхъанык1э пэпчъ къык1угъахэм къыхимыхыжьын, щигъэзыен горэ къыхигъэк1ымэ, к1э горэ къыритызэ, щы1эныгъэ к1ыхьэм дыригъаштэу лъэпкъ пэпчъ гъогуонэ къинхэр пэк1эк1ых, ахэмэ ауплъэк1умэ, апсыхьэмэ, раутэк1зэ... Арыба адыгэжъмэ языгъэ1уагъэри: «Зилъэпкъ зымыгъэлъап1эрэр хьарылъф».

Лъэпкъым джащ тетэу тыгъосэрэ щы1ак1и пэк1эк1ыгъ, непэрэ щы1ак1и и1. Непэрэ гузэхаш1и ещэчы, къык1угъэм, къыщыш1ыгъэм афэгъэхьыгъэ гукъэк1ыжьи и1эн фае! Илъэпкъ ш1эжь лъэгэным бэ елъытыгъэр!

Тэ, адыгэхэмк1и, гъогуонэ къин къэтк1угъ, тил1эш1эгъухэр сыдигъок1и зэш зэпытыгъэхэп, къини къытэк1угъ, гуш1уагъуи тырихьыл1агъ. Къытэзаохэуи, тязэожьэуи, тэр-тэрэу тызэмызэгъэуи бэрэ къыхэк1ыгъ. Ау сыдрэ ошъопщэ ш1уц1э ужи тыгъэр къытфепсыжьэу, анахь тичэщ гузэжъогъу ш1унк1и мэфэ нэф 1отэжьыр къык1элъык1ожьэу, зык1ыныгъэр нахь тишэн шъхьа1эу, ощх ужым дунаир тхьак1ыхьагъэу тыгъэм пэгуш1уатэу зэрэтехьажьырэм фэдэу, тиц1ыф зэхэтык1и, тишэни, тиакъыли къин уплъэк1угъо къэс нахь апсахьмэ тизэхэш1ык1, тиц1ыфыгъэ лъагэ нахь зыкъыригъэ1этзэ тыкъырык1уагь тищы1эк1э гъогуонэ к1ыхьэ, тиадыгагъэ нахьри нахь дгъэпытэзэ.

Сыд къин къызытэк1уи ижъык1э лъэпкъыр к1одыгъэп, тызыщыук1ытыхьажьыным тынэсыгъэп…

Ау, сыд 1о фаеми, къин лыягъэм гур зэпек1ы, к1уач1эм нахь к1оч1аджэр рик1эу хабзэ, къин мыухыжьым хэкужъ шъыпкъи уиш1ын ылъэк1ыщт, хьилагъэм лъэпкъми къэзымыгъэтэджыжьын лыягъэ риш1эн ылъэк1ыщт.

*(Мэхъош Р., «Мардж»)*

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### Лъэтегъэуцу

Л1ыбэжъыкъомэ яшъаоу Аслъан, адыгэмэ зэряхабзэу, лъэтегъэуцо фаш1ынэу рахъухьагъ. Ащк1э шъэожъыем исэнэхьатыщтыр бынмэ аш1эным дэгу1эщтыгъэх. Зыфа1огъэ мафэм 1анэр пчэгум рагъэуцони пкъыгъо зэфэшъхьафхэр тыралъхьащтых, к1алэр аращэл1эни апэу къыштэрэмк1э сэнэхьатэу хихыщтыр агъэунэфыщт.

Аслъан ц1ык1ум ыпашъхьэ ралъхьанэу унагъом исхэм джэголъэ зэфэшъхьафхэу, хьап-щыпхэу къащэфыгъэр бэ: тэтэжъым отэ ц1ык1урэ сыджырэ къыхьыгъ; нэнэжъым тхылъ гъэш1эгъон къаригъэхыгъ; Аслъан янэ врачхэр ц1ыфмэ зэрядэ1урэ трубкэ, ятэ трактор ц1ык1у къыштэнэу къыз1эк1агъэхьагъ. Аслъан ятэш нахьыжъым чэм сурэт, ятэш нахьык1эм пщынэ ц1ык1у къалэм къыздырахыгъ.

Тхьамафэ теш1агъэу Л1ыбэжъыкъохэр к1алэм лъэтегъэуцо фаш1ынэу зэрэугъоигъэх. Ахэм анэмык1эу 1офым къырихьыл1агъэх ягъунэгъумэ ащыщхэри, хьак1эу нэбгырит1уи. Анахь мэфэк1ышхо горэм фэдэу Л1ыбэжъыкъохэм 1энэ шыгъэу агъэхьазырыгъэм ц1ыфхэр хагъэ1агъэх. 1анэм ыпашъхьэ унагъоми сабыйми хъохъубэ къыщафа1уагъ. Бысымыри хьак1эхэри зэфэрэзагъэх.

Зэшхахэхэм 1энэр пчэгум къырагъэуцуагъ. Л1ыбэжъыкъомэ янысэ Аслъан ц1ык1ур адырэ унэм къыч1ихи, пчэгум ит 1энэ хъураем ылъэныкъок1э къыт1упщыгъ. Шъэожъыем ынэ ц1ык1ухэр жъыухэу, 1энэ хъураем фиузэнк1ыгъ.

Пстэуми жьи пси къамыщэжьэу щытых. Т1эк1у ш1агъэу тхылъ ц1ык1оу зык1ышъо жъыурэм дэжьк1э ы1эхэр ыщэигъэх. Ау сабыим ы1э къызэк1ихьэжьи, адрабгъук1э 1энэр къык1ухьи, трактор ц1ык1оу гъуч1ым хэш1ык1ыгъэу зэпэжъыужьырэм дэжь уцугъэ. Ау еплъыгъэ нахь, 1эк1э нэсыгъэп. Ет1анэ ош1э-дэмыш1эу тракторым къыбгъодэт чэм къолэн ц1ык1ур къыпхъуати, пытэу ыбгъэ к1иубытагъ. Зэк1э шъэожъыем еззэрэгъэплъыщтыгъэхэр 1эгу теуагъэх. Сабый ц1ык1ум ар зыфихьын ымыш1эу щтагъэ, ят1эм хэш1ык1ыгъэ чэм къолэн ц1ык1ур зэри1ыгъэу янэ ыбгъэ пытэу зык1иубытагъ. Чэм къолэн сурэтыр къэзыхьыгъэ ятэшыр ыгук1э рэзагъэ, нэмык1хэм къызыхамыгъэщыгъэми агук1э рэзэджагъэх. Нэнэжъыми тэтэжъыми зыфаер къадэхъугъэп. Аслъан яни ыкъо ц1ык1у зэрэщыгугъыгъэу къыч1эк1ыгъэп, яти рэзаджэу къэнагъ.

Лъэтегъэуцом къырихьыл1агъэмэ ащыщэу Гумзагъэ исмэ анэгухэр зелъэгъум, псалъэ къыш1ыгъ:

- Сиблагъэхэр, непэ тищы1ак1эк1эу сэнэхьат пстэури дэгъу, непэ сэнэхьат дэй щы1эжьэп.

(Жэнэ Къырымызэ ытхыгъэм техыгъ)

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### Нахьдахэ икъэгъагъэхэр

Нахьдах - джары ным иящэнэрэ пшъашъэ фиусыгъэр. Адрэ пшъэшъит1ум анахь дахэ ар хъумэ ш1оигъуагъ. Арэуи хъугъэ. Ынэ къэрит1у уяплъы зэпытыгъэми уямызэщынэу иных, дахэх. Шъхьац т1ыргъори къезэгъэу телъ, ынэпцэ 1ужъуит1у щэбзащэм фэдэх, ынэгу нурэр къык1ехы.

Нахьдахэ еджап1эм зыч1ахьэм, ипшъэшъэгъухэм щысэ афэхъоу еджэу ыублагъ, к1элэегъаджэхэр къыщытхъущтыгъэх. Нахьдахэ шъабэу зэрэгущы1эрэм, 1эдэб зэрэхэлъым имызакъоу, пстэури ыгъэгуш1оу зы ш1уагъэ джыри хэлъыгъ. Ар къэгъагъэмэ зэрапыщагъэр ары. Зыми къэгъагъэхэр ш1у плъэгъунхэ фае ы1оу ащ ри1уагъэп, къэгъагъэхэм якъэгъэк1ыни пылъэу щысэ тырихынэу зи яунэ исыгъэп. Нахьдахэ къэгъагъэхэр къыгъэк1ынхэр ежь иц1ык1угъом къыздиштагъэу щытыгъ.

К1элэегъаджэхэм пшъэшъэжъыехэр гъатхэм мэзым защэхэк1э, анахь 1эрам дахэ къэзыхьыщтыгъэр Нахьдах ары. Ящагуи илъэс къэси къэгъэгъэ зэмышъогъухэр Нахьдахэ къыщегъэк1ых. Зымафэ чыжьэу къик1ыгъэ урыс бзылъфыгъэ хьак1э горэ къуаджэм къызэк1ом, къэгъэгъэ 1эрамэу пагъохыщтыр зищагу къыдахыгъэр Нахьдах. Бзылъфыгъэ хьак1эм къэгъэгъэ 1эрамэу ратыгъэм идэхагъэрэ мэ 1эш1оу ащ къыпихырэмрэ ыгъэш1эгъуагъ.

- Хэта мыщ фэдэу фэ1азэу шъуикъуаджэ къэгъагъэ къыщызгъэк1ырэр? — къык1эупч1агъ бзылъфыгъэр. - Нахьдах! - пстэуми къызэда1уагъ.

Бзылъфыгъэ хьак1эм пшъашъэр къаригъащи, пытэу ы1апэ ыубытыгъ.

- А сипшъашъ, сыпфэраз! Ухъупхъ, у1уш. О уикъэгъагъэ къэгъэк1ык1э ч1ыр къызэригъэк1эрак1эрэм имызакъоу ц1ыфри къегъэдахэ. Къэгъагъэм ц1ык1уи ини агу ш1у къегъэк1ы, дэгъур, дахэр ц1ыфмэ ш1у алъэгъуным феп1ух. Ар тын лъап1эу сэ сэлъытэ. Арышъ, тапэк1и уемызэщэу къэгъагъэхэр къэгъэк1ых.

Нахьдахэ къэгъагъэхэр зилэжьхэрэмрэ непэ къызнэсыгъэмрэ къазыфагу ащ фэдиз щытхъу дахэ фа1уагъэу зэхихыгъэп. Ащ фэдиз щытхъу къызэрэфагъэшъошагъэм пае ук1ытагъэ.

Къоджэ еджап1эр Нахьдахэ къызеухым, пчыхьэзэхахьэу зэхащагъэм къэгъагъэу къырахьыл1агъэм инахьыбэр Нахьдахэ къыхьыгъ. Ахэр пшъашъэм къыфэгуш1охэрэм фэдагъ: «Опсэу, Нахьдах, ц1ыфыгур къыдэзыщаерэмэ тэри тащыщэу тыпш1ыгъ» къыра1оу къыщыхъущтыгъэ.

(Жэнэ Къырымызэ ытхыгъэм техыгъ).

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### Бзыужъыер

Тэтэжърэ Мадинэрэ псыхъом къызэсхэм къызэтеуцуагъэх. К1эим алрэгъу шхъуант1э тедзагъэ фэдэу уц к1ырыр щэк1ы. Пцел чъыг бырабэхмэ ашъхьац к1ыхьэхэр къятэкъохы, псым хащае. Псыхъор къаргъо, пцэжъыехэр щэолъагъух.

- Мадин, плъакъо къэмы1эт, - ош1э-дэмышIэу тэтэжъ шъэожъыем ытамэ те1эбагъ. Адрэм къэхъугъэр ыш1агъэп. - Еплъыхи зэ...

Лъэкъуаоу Мэдинэ ыпашъхьэ бзыу ц1ык1у илъыгъ. Ащ фэсакъзэ къыштагъ.

- Ытам зыгъэгумэк1ырэр, - тэтэжъ бзыум илажьэр къыш1агъ. - Еплъэлъ, шъэожъые шъхьэубатэ гор ар зи1эш1агъэр. Щэбзащэмк1э ыу1агъ, - Мэу къысэт зэ.

Тэтэжъ бзыу ц1ык1ур ештэ, псыхъом ек1уал1эшъ, ы1эгу изэу псы къыхехы, регъашъо. Ащ ыуж уц шыгъэчъэтхьапэр къыричыгъ, у1агъэм тырилъхьагъ.

Бзыу у1агъэр къыздахьи, тэтэжърэ Мадинэрэ къэк1ожьыгъэх. Нэнэжъыр къапэгъок1ыгъ, бзыу ц1ык1ум ытамэ у1агъэ те1эбагъ. Бзыу ц1ык1ум пае нэнэжъ шкъуныр къегъэхьазырыфэ Мадинэ орзэ т1эк1у къыхьыгъ. Джэхэшъо къуапэм дэжь нэбгъо ц1ык1у щиш1ыгъ, чэтыц т1эк1уи рилъхьагъ бзыу ц1ык1ур ащ ригъэт1ысхьагъ. Къамылыбжъэм псы ригъахъуи, ари ыпашъхьэ ыгъэуцугъ.

Арэущтэу агъашхэзэ, е1азэхэзэ мафэхэр к1оцтыгъэх. Бзыум ышъхьэ къы1этэу, хэк1ук1эу, хэбыбык1эу къыригъэжьагъ, орэди къыхидзэу шэн къыштагъ.

Пчэдыжь пчъэхэр риутэк1хэзэ, Мадинэ унэм къилъэти, щагум дэлъэдагъ. Апэ щагум дэт къэгъагъэхэм ахэплъыхьэу заулэрэ щытыгъ. Ет1анэ чэтэщым ихьагъ. Кон ч1эгъми, пхъэ зэпыупк1ыгъэу щагум дэлъхэми, хьэм иуни ащылъыхъуагъ.

- А сишъэо 1эш1у, сыда къэхъугъэр? - нэнэжъ шьэожъыем к1элъыджагъ.

Мэдинэ нахьи гъызэ къыгъэзэжьыгъ. - Бзыу... бзыу... ц1ык1ур... щы1эжьэп…

- Ара? - Нэнэжърэ тэтэжърэ щхыгъэх. Мэдинэ хьэдэгъэшхор къы1этыгъ.

- Умыгъ, - тэтэжъ къэтэджыгъ, шъэожъыер зэриубытыл1агъэ. - К1одыгъэп ар. Хъужьыгъэти, ядэжь быбыжьыгъэ. Тыдэ зыдэбыбыщтыр? Сэщ нэмык1 зыпари ащ и1эп, изакъу, — тэтэжъым Мэдинэ зэ1уигъэнэн фэлъэк1ыгъэп.

Къык1элъык1огъэ пчэдыжьым Мэдинэ ишъхьангъупчъэ бзыу ц1ык1у горэ къы1убыбагъ. Тыркъор зытелъ тэмэ ц1ык1умк1э бзыур шъэожъыем ыш1эжьыгъ.

(Мырзэ Дзэпщ ытхыгъэм техыгъ).

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

### Часть 1

### Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### «Тыадыг» тэ1о

...Тилъэпкък1э анахь тызэрыгушхорэ шэнэу тхэлъыгъэмэ ащыщ жъым шъхьэк1афэ фэш1ыгъэныр. Бзылъфыгъэм лъытэныгъэ фэш1ыгъэными адыгэхэм мэхьанэшхо ратыщтыгъ. Ар къеушыхьаты «Бзылъфыгъэм шы ихьылъэ лъэханэ» зыфи1орэ гущы1эжъым. Ау а шэн дахэхэр, нахь зы1эк1эдгъэпытыхьаным ыч1ып1эк1э, т1эк1эзых.

Ар зыхъугъэр гъэтхэпэ мазэр ары. Тхьаумэфагъ. Зыщыхъугъэр Тэхъутэмыкъуае къыдэк1ыгъэу Мыекъуапэ къэк1ожьырэ автобусыр ары. Ар Пэнэжыкъуае къыдэк1ыжьи, къутырэу Краснэм къызэсым, илъэс фэдиз ныбжьэу к1элэц1ык1у ы1ыгъэу бзылъфыгъэ горэ автобусым къихьагъ.

Автобусым т1ысып1э нэк1 и1агъэп, дэк1ып1эу щызэхэтхэм къябгъук1озэ, бзылъфыгъэу к1элэц1ык1у зы1ыгъыр къылъык1уатэщтыгъ зыгорэ къэтэджыным щыгугъэу. Ау ащыщ къэхъыягъэп. Ахэмэ атесыгъэхэр нэжъ-ужъхэу щытыгъэмэ, зыгорэущтэу афэбгъэгъуныгъи, ау нахьыбэр ныбжьык1агъ. Фэмылъэк1эу илъэс 60-м ехъу зыныбжь хъулъфыгъэ къэтэджыгъ. «О л1ыжъышхор узгъэтэджыны сэ сыт1ысына!» - к1алэ зы1ыгъ бзылъфыгъэм къызе1ом, лакъырдыгъэ хэлъэу, зэк1эми зэхахэу л1ым къы1уагъ: «Ныбжьык1эхэр щысынхэ фае, л1ыжъхэр ары къэтэджынхэу зытефэхэрэр. Тыхьайнап. Тыадыг тэ1о...». Ау а гущы1эхэм къагъэтхыони къэтэджынышъ, зыныбжь хэк1отэгъэ хъулъфыгъэу зит1ысып1э бзылъфыгъэм фэзгъэк1отагъэр зыгъэт1ысын автобусым ныбжьык1эу исхэм къахэк1ыгъэп.

«Зы хъугъэ-ш1агъэм лъэпкъ псаур рыбгъэмысэ хъущтэп» зы1онхэри къэхъущтых. Ар тэри т1орэп. Ныбжьык1эхэм ахэтых 1эдэб зыхэлъхэр, ук1ытэ зи1эхэр, адыгэ шэн-зэхэтык1эхэр зилъап1эхэр, ау а зигугъу къэсш1ыгъэм фэдэхэми бэрэ уарехьыл1э. Гукъау. Уижъ непэ умыгъаш1омэ, шъхьэк1афэ фэмыш1ымэ, ащ ыч1ып1э ори уиуцомэ, уагъэш1ожьыным ущымыгугъ, щысэу ябгъэлъэгъурэр ары къыпк1эхъухьэхэрэр зэрэпсэущтхэр. Уныбжьык1эу, хьылъи птамэ темылъэу, сыхьатит1о ущэты пае, «пчэ к1эущтэп», ау о пшъхьэ нэмык1 уемыгупшысэным губгъэн бэрэ къыпфихьын ылъэк1ыщт. «Хьайнапэ нахьи нэкъэ-пакъ» а1уагъ адыгэхэм. Ар гущы1эшху. Шъуегупшыс ащ, ныбжьык1эхэр. «Тыадыг» т1оу тынэ къидгъэк1эу, тыбгъэ теожьык1э къик1ырэ щы1эп. Мыщ дэжьым тянэ-тятэхэу тыкъэзылъфыгъэхэми тызып1угъэхэми тягупшысэн фае, емык1оу тызек1уагъэмэ, ахэми губгъэн къызэрафэтхьырэр, анапэ зэрэтетхырэр тщыгъупшэ хъущтэп. **(97)**

Пэнэшъу Сэфэр

## Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку

## Часть 1

## Изложение

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

### Пшъэшъэжъые хъупхъ.

Пшъэшъэжъыеу Чабэ нэмык1 Мэдахъукъомэ зи ц1ык1у я1эп. Ащ зэк1э унагъом исыр къыдек1ок1ы, ы1орэр фаш1э, зыфаер къыфагъоты. Зым шъхьатехъо дахэ, адырэм дэнэ шъхьэхаблэ къыфещэфы, ящэнэрэм нысхъэпэ къежьэгъак1эм фэдэ къыреты...

А пстэури имыкъоу ягъунэгъу ныоу Лащынэ Чабэ ц1ык1у блэгъэшхо къыш1ыгъэшъ, ащи дахэу къыри1орэр бэ. Щэлэмэ шъабэ ыгъажъэми, къурамбый 1эш1у ыш1ыми, Чабэ хэны ыш1ырэп. «А сипшъэшъэ дэхэ ц1ык1у, сибзыу к1эрак1»,— Лащынэ джаущтэу Чабэ къеджэзэ, зы мафи шъо зэфэшъхьафхэр зи1э къэлэм пш1ык1ут1у зыдэлъ къэмланэ сурэтхэр зытыриш1ыхьащт тхылъып1э 1ужъухэри к1ыгъоу къыритыгъэх. Ягъунэгъу ныоу Лащынэ непэ зэ нэмы1эми Чабэ зытемыплъэк1э, ыгу разэ хъурэп. Ныор изакъошъ мэзэщы. Ау Чабэ ыпэ къызифэк1э е ядэжь к1уагъэ зыхъук1э, Лащынэ мэгуш1о. Пшысэ ц1ык1ухэм арегъэдэ1у, ежь зэц1ык1ум щхэнэу къехъул1эгъагъэхэм ащыщхэр къыфе1уатэ…

Мафэ горэм ош1э-дэмыш1эу Лащынэ сымаджэ хъугъэ. Ар апэу зыш1агъэр пшъэшъэжъые ц1ык1оу Чаб ары. Ымыш1э хъуна мэфэ реным унэм къик1ыгъэп. Пшъэшъэжъыер ишъыпкъэу зэда1ом, пчъэм къурт-щырт макъэ къыпы1ук1ыгъ. Ар нэнэжъэу п1эм хэлъыр ибэщык1э пчъэм къеоти ары макъэр къызыпы1ук1ыщтыгъэр. Псынк1эу Чэбэ ц1ык1у унэм ихьагъ. Плъэмэ, инэнэжъ благъэ п1эм ынэхэр чэрэзэу хэлъ.

— Къак1о, къак1о, си1убыжъый, ситыгъэнэбзый, къак1о,— къы1уагъ Лащынэ.
— Сыда, нэнэжъ, усымаджа? — гу1эзэ ек1ол1агъ Чабэ.
— Чэщныкъом къыщыублагъэу чъы1э сэл1э, сшъхьи мэузы, техьагъук1э сенэгуе. Мыдэ псы тас горэ къысэт.

Чэбэ ц1ык1у нэнэжъыр псы ригъэшъуагъ. Ащ нэужым джэхашъом сапэ къимык1ыным пае фэсакъызэ, псы тыриутхи, къыпхъэнк1ыгъ, пхъэнт1эк1ум теуцуи, шъхьангъупчъэр 1уихи, унэм жьы къабзэ къыригъэхьагъ. Унэм зыщэупхъуахэм къик1и, чэтэщым иш1ыхьагъэ чэтхэр къыригъэк1и, 1ус аритыгъ. Ет1анэ ядэжь к1ожьи, янэ ыгъэхьазырыгъэ стырыпсым щыщи хьалыгъу шъаби ныо сымаджэм къыфихьыгъэх.

Пшъэшъэжъые ц1ык1оу Чабэ зэрэгу1эрэр ош1э-дэмыш1эу сымаджэ хъугъэ Лащынэ зелъэгъум, гуш1огъэщэн фае, ынэпсыхэр къыш1ок1уагъэх…

Тхьамафэм къык1оц1 ятэ-янэхэм яш1э хэлъэу гъунэгъу ныом ифэ1о-фаш1эхэр Чабэ фигъэцэк1агъэх. Ищык1агъэмэ, псы къыфихыгъ, фаемэ, щай фигъэжъуагъ, чэтхэри, 1эгум дэлъ хьэ ц1ык1ури ыгъэшхагъэх, ренэу унэр дахэу, къабзэу фызэ1ихыгъ.

Чэбэ ц1ык1у гу лъити ц1ыфыгъэ къызэрэзыхигъэфагъэм, ягъунэгъу ныор охъужьыфэ зэрэлъыплъагъэм пае, ежь и1ахьылхэм ямызакъоу зэк1э гъунэгъухэми аферым, упшъэшъэ хъупхъ къыра1уагъ.

(Жэнэ Къырымызэ ытхыгъэм техыгъ)

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 1

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочитите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Палътэу фаб*

(1) Лъэцэрыкъо Болэтрэ Цуцэрэ Хьамзэт як1элэ закъу, зытыра1этык1ы, агъаш1о, дэгъоу зэреджэрэр аш1огуш1уагъу. (2) Еджап1эм Хьамзэт къызик1ыжьк1э, джэгун щэхъу ыш1эрэп. (3) Ащи къыригъэхъу зыхъук1э, янэ ыуж ехьэшъ, елъэ1узэ унэм къырещэжьы.

(4) Илъэс пш1ык1узым ит нахь мыш1эми, Хьамзэт ик1эджыбэ ахъщэ имылъэу къыхэк1рэп. (5) Ятэ Болэтым ащ сомэ заулэ къызыритк1э, л1ым ш1уиушъэфызэ, Цуци сомищ-сомитфыр фыхегъэхъожьы. (6) Ар гъунэгъу шъузэу Щащэ ыдэрэп.

- (7) К1алэхэр къэмыхъузэ шъогъэсэхъуджэ, сыдк1э мощ ахъщэр ищык1агъ, л1ыпэп, л1ык1эп зэра1оу? – къегыи Щащэ.

- (8) К1о хъугъэ, Щащ, тэ къинэу тлъэгъугъэр Болэти сэри тик1элэ закъо едгъэлъэгъунэу тыфаеп.

- (9) Шъуфэмыеми, боу шъук1эгъожьын, - е1о Щащэ.

(10) Ащ пае къэмынэу Болэти Цуци як1элэ закъо ик1эджыбэ ахъщэр рагъэк1ырэп. (11) Иныбджэгъумэ ахъщэк1э къызэрахэщырэм рыкъэеу, Хьамзэт мафэ къэс бэшэрэбхэр, 1эш1у-1уш1у зэфэшъхьафхэр къафещэфы.

(12) Шъыпкъэ, ик1алэ ахъщэм зэрэшъхьамысырэм мы аужырэ уахътэм Болэт ыгъэгумэк1эу ригъэжьагъ, зэхехы гъунэгъумэ а1ори. (13) Баим ик1алэ ахъщэм уасэ фиш1эу зэриш1ыгъагъэр ыгу къэк1ыжьыгъэшъ, ежьыри аущтэу зек1о ш1оигъоу рихъухьагъ.

(14) Тхьаумэфэ пчэдыжь горэм Болэт ик1алэ къыгъэуцуи зыригъэтхьак1ыгъ, ыгъэшхагъ, щыгъыныжъэу и1эр зыщыригъалъи, Шъхьэгощэ ныбэ зыдищагъ. (15) Шъхьэгуащэ къызиук1э, чъыгышхохэр лъэпсэнчъэу къыречых, къехьых. (16) Ахэр ет1анэ ныджымэ къатенэ. (17) Гъусэ и1эу ахэр Болэт зэпехыхэшъ, гъэстыныпхъэ еш1ых, къелыек1ырэр ещэшъ, ахъщэ еш1ы. (18) Джы гъусэм ыч1ып1эк1э ик1алэ къыздыригъэ1энэу тыриубытагъ.

(19) Пхъэхык1ыр зэрэп1ыгъын фаер гурегъэ1офэ, Болэт ыкъо къин пилъэгъуагъ, ау ригъэш1агъ. (20) Ят1онэрэ чъыгыр зэпахы зэхъум, Хьамзэт пхъэхык1ыр ы1ыгъ къодыеу, зытыримыгъак1эу, ежь-ежьырэу пхъэхыр зек1орэм фэдагъ. (21) Ащ к1алэм ыгоу к1одыгъагъэр нахь псынк1э къыш1ыжьыгъ. (22) А мафэм ятэрэ ыкъорэ чъыгищ зэпахыгъ.

- (23) Непэк1э ар икъун, сик1ал, - ы1уагъ Болэт. (24) Зэ, т1о джыри тыкъак1оу, модрэ чъыгышхохэри зызэпытхыхэк1э, зыпари зэхэмыш1эу ухъущт.

(25) «Ащыгъум, сятэ сык1иш1энэу ыгу къэк1ыгъ. (26) Мощ фэдиз чъыгыр сэ дызэпысхын слъэк1ына? – ыгу къэк1одыгъ Хьамзэт. – (27) Зы, т1у, щы, пл1ы… чъыгибл мэхъу.

- (28) Ар сэрк1э ба1о хъунба, пап?

(29) Къык1элъык1огъэ тхьаумафэм ятэрэ ыкъорэ джыри нахьыжьэу Шъхьэгощэ ныбэ к1уагъэх. (30) Чъыгищэу зэпахыгъагъэр зэгоутыжьыгъэу, дахэу зэгъэфагъэу зэтелъыгъ.

- (31) Хэт мыхэр зэгозыутыжьыгъэр? – ыгъэш1агъоу Хьамзэт ятэ еупч1ыгъ.

- (32) 1офш1эгъу ужым сыкъак1озэ зэгосыутыжьыгъэх, - ыш1агъэр ш1омы1оф фэдэу къы1уагъ Болэт. (33) Хьамзэт ятэ нэш1ук1э еплъыгъ, гук1эгъу лыуз горэ ыгу къыфихьагъ.

(34) Зэк1э чъыгхэр зэпахыжьхи, акъутэжьхи, зэрагъэфэжьхи, Шъхьэгощэ ныбэ къыздэк1ыжьхэм, Болэт зэплъэк1ыжьи ыкъо къыри1уагъ:

- (35) Джары, сик1ал, орырэ сэрырэ тхьэумэфищым къык1оц1 пхъэ машинэ кухьипл1 дгъэхьазырыгъэ. (36) Анахь мак1эми, ащ сомэ мин к1этхыщт. (37) Ащ

ызыныкъо оры зиер. (38) Джы узыфаем фэдиз уиныбджэгъухэм афэбгъэк1одын п1омэ уфит.

- (39) Хьау, хьау, пап, мощ фэдиз къин зытеслъэгъуагъэр 1эш1у-1уш1ук1э згъэк1одына! – ыдагъэп Хьамзэт. – (40) Ащ нахьи нахьыш1у мамэ к1ымэфэ пальтэу фэтэгъэщэфи.

- (41) Дэгъу, сик1ал, дэгъу. (42) Боу дэгъоу гу лъыптагъ уянэ пальтэу зэрищык1агъэм, - ы1уи, Болэт ик1алэ ышъхьэ шъабэу 1э щифагъ.

*(Кощбэе П., «Пальтэу фаб»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Шъхьэгуащэ къызиук1э сыд игъэпсык1а?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерхэр къэтх.

Джэуап: ______________________________

3 Я (5) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

4 Я (26) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

5 Я (19) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

6 Я (11) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу зиер къэзгъэлъэгъорэ лъэпсапэкIэ гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

7 Я (9) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «къегыи» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ______________________________

8 Я (29, 30) гущыIэухыгъэхэм лъымык1отэрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

9 Я (20) гущыIэухыгъэм ехьыл1эгъэ плъышъуац1эр къыхэгъэщ, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

10 Я (21) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1эгъусэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________________

11 Я (6) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «гъунэгъу шъузэу»

зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

12 Я (29) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________________

13 Я (16, 17, 18) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: _____________________________

14 Я (22) гущыIэухыгъэм охътэ обстоятельствэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________________

15 Я (18) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Ахъщэм икъэгъотык1э пылъ къиныр ымыш1э зэхъум Хьамзэт изек1ок1э-ш1ык1э зыфэдагъэр къэзыушыхьатрэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхык1: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэгупшыс уишIош1, лэжьэным, 1офш1эным ехьыл1агъэу уигупшысэхэр къи1отык1 (гущы1эухыгъищым къыщымык1эу).

Джэуап:

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

______________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 2

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Лъэпшъ къехъул1агъэр*

### *Пшысэ*

(1) Лъэпшъ гъук1э 1азэу щытыгъ. (2) Мыжъом гъуч1ыр хиш1ык1ыти зыфаер зэк1э ыш1ыщтыгъэ. (3) Арэу гъук1э 1азэу, ц1эры1оу щытыгъ.

(4) Мафэ горэм Лъэпшъ дэжь шыухэу пщит1у къыдахьэхи къепсыхыгъэх. (5) Пщит1ум мыжъуит1у къыздахьыгъ.

- (6) «Мы мыжъуит1ум ахэпш1ык1ынышъ чэтэ зырыз тфэпш1ыщт», - къыры1уагъ пщит1ум.

- (7) «Сэ сичатэ узаорэр пиупк1ынэу пш1ыщт», - ы1уагъ зы пщым.

- (8) «Сэ сичатэ узэпыджырэм пхырык1ынэу пш1ыщт», - ы1уагъ ят1онэрэм. (9) «Ащ фэшъхьафрэмк1э, уашъхьагъ титэу одгъэш1ыщт, пшахъо еууты хъухэщтэп. (10) Пшахъо еуутэу зыпш1ык1э, утыук1ыщт. (11) Зэрэпш1ыщт ш1ык1эм егупшыс, тэ мэфищк1э къэдгъэзэжьыщт», - а1уи мыжъошхуит1ур къыщани дэк1ыжьыгъэх.

(12) Шъыпкъэ, узыфаер ыш1ын ылъэк1ынэу Лъэпшъ гъук1э 1эзагъ, ау пшахъо химыутэу гъук1эн ылъэк1ыщтыгъэп. (13) Пшахъо химылъхьэу гъуч1ыр ыш1ынэу амал и1эгъахэп. (14) Ащ къыхэк1ык1э Лъэпшъ ышъхьэ къыш1озыгъ, ыш1эщтыр ымыш1эу гупшысэгъуае хъугъэ.

(15) Лъэпшъ къызихьажьк1э, инысэ 1анэр псынк1эу ч1аригъэхэу ихэбзагъэти, 1энэ ш1ыгъэр аригъэхьыгъ. (16) Ау Лъэпшъ шхэныр игугъуэжьыгъэп.

- (17) «1анэр хьыжь, к1ал, сышхэн слъэк1ыщтэп», - ы1уи Лъэпшъ 1анэр къыч1эзыхыгъэм ри1уагъ.

(18) Лъэпшъ зэрэмышхагъэм зыгорэ зэрэхэлъым инысэ гу къылъитагъ. (19) Ау нысэр ипщ лъэхахьэрэпти, зэреупч1ын ш1ык1э ыш1эщтыгъэп.

- (20) «Типщы, мыщ фэдизэу1офэу къыпфэк1уагъэу, узыфэмышхэжьэу, узыфемышъожьырэр къысэп1онк1э сыолъэ1у, - ы1уагъ 1уи сфеупч1. (21) Сыбзылъфыгъэ нахь мыш1эми, зы амал горэ къыфэзгъотынк1и хъун», - ы1уи нысэм к1алэр джыри ыгъэк1уагъ. (22) К1алэм хэн фимыш1эу ра1уагъэр Лъэпшъ ри1ожьыгъ. (23) Гугъоу и1эр Лъэпшъ к1алэм къыфи1отагъ .

- (24) «Угу умыгъэк1оды, амал къыпфыхэсхыгъах» уинысэ ы1уагъ 1уи тэрэзэу гъашхэ, - ы1уи нысэм ипщ 1анэр фыч1аригъэхьагъ.

- (25) Сыхьатмафэ сежьи, дэгъоу хъущт, - ы1уи Лъэпшъ гуш1уагъэ, т1ыси рэхьатэу шхагъэ.

(26) Ят1онэрэ мафэм инысэ зэри1уагъэм тетэу ищыдыбжь ыгъэпсыгъ.

(27) П1алъэр къэси пщы жъалымит1ур къэк1уагъ.

- (28) Уи1оф ш1у охъу апщи, Лъэпшъ, - а1уи къы1ухьагъэх.

- (29) Тхьашъуегъэпсэу. (30) Шъукъызфэгужъорэр сымыш1эу сикъэплъагъ, - ы1уи ямыжъохэр къыштагъэх.

(31) Лъэпшъ гъук1энэу ригъэжьагъ. (32) Нысэр хьащпэкъым ч1этэу щыдыбжьым къепщэ, Лъэпшъ пшахъо фае хъумэ «уты, уты» е1о, адрэм иджэнэ гъуапэ къырегъэтэкъушъ пшахъор щыдыбжьым регъэтакъо, ар жьым ехьышъ гъуч1эу маш1ом пэлъым тыреутэ. (33) Джаузэ чатэхэр ыш1ыгъ. (34) Къаш1агъэмэ Лъэпшъи иныси утын ин арахыщтыгъэ, ау къаш1агъэхэп. (35) Щылыч гъуч1 горэ щылъыти, узаорэр пиупк1ынэу ыш1ыгъэмк1э зеом, - зэпигъэлъэтыгъ, узэпыджрэм пхырык1ынэу ыш1ыгъэмк1э зепыджым, пхырилыгъ.

- (36) «Дэгъоу пш1ыгъэх» къыра1уи, зыпари къырамытэу, тхьауегъэпсэуи къырамы1оу пщы жъалымит1ур дэк1ыжьыгъ.

- (37) «Алахьэм егъэпсэуи ащ нахь бырысыр къыхэмык1эу дэк1ыжьыгъэхэмэ», - ы1уи Лъэпшъ гуш1уагъэ.

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Хэта мафэ горэм Лъэпшъ къыфэк1уагъэхэр?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерхэр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________

3 Я (18) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ дэгу закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

4 Я (14) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

5 Я (4) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1эу лъэпсэзэхэхьан ш1ык1эмк1э гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

6 Апэрэ (1) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу лъэпсахэкIэ (суффикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

7 Я (18) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «гу къылъитагъ» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________

8 Я (26, 27) гущыIэухыгъэхэм лъыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

9 Я (2) гущыIэухыгъэм мыухыгъэ глаголыр къыхэгъэщ, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

10 Я (4) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1элъык1ор къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

11 Я (32) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «щыдыбжьым къепщэ»

зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________

12 Я (16) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

13 Я (25, 26, 27) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ___________________________________________________________________

14 Я (18) гущыIэухыгъэм мыгъэнэфэгъэ ц1эпапк1эр къыхэтхыкI.

Джэуап: __________________________________________________________________

15 Я (3) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ________________________________________________________________________

16 Нысэ 1ушым пщым де1энымк1э къыгупшысыгъэ хэк1ып1эр къэзыушыхьатрэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIош1 (акъылым ц1ыфымк1э мэхьанэу и1эр) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап:

_____________________________________________________________________________

_____________________________________________________________________________

_____________________________________________________________________________

_____________________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

## Вариант 3

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***
***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.***

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

***Прочтите текст и выполните задания 2-16.***

### *Зэк1эмэ анахь лъэшыр*

(1) Заом игъом к1элэ лъэщит1у тичылэ дэсыгъ. (2) Зыр – сэрыгъэ, адрэр – Тураб. (3) Сэ чылак1эм сыхэсыгъ, Тураб чылашъхьэмк1э къик1ыщтыгъ. (4) Сэ бэщ с1ыгъэу сызек1ощтыгъ. (5) Тураб ылъэкъо сэкъат ч1ыгум тыригъэчэрагъозэ к1ощтыгъэ.

(6) Гъэмафэм тидзэ зэк1ак1уи, нэмыцхэр чылэм къыдэбэнагъэх. (7) Ащыгъум былым шъхьарык1охэр тихэгъуашъхьэ бэу итыгъэх. (8) Мафэ горэм Тураб шы пц1эгъоплъ дахэ къыубытыгъ. (9) Ар ядэжь ыщэзэ, сэ чылэ пчэгум сыщы1ук1агъ. (10) Сехъопсагъ Турабэ. (11) Шым ынэт1эгу жъуагъо хэсыгъ, ыпэрэ лъэкъуит1уми шъолъыр фыжьхэр арык1ощтыгъэх. (12) Пц1эгъоплъым ышъо тыгъэхьажъум пэджэгущтыгъэ.

(13) Шыр къинк1э къызэриубытыгъэр Тураб къысфи1уатэзэ, 1упэпщынэм ымакъэ стхьак1умэ къыридзагъ. (14) Макъэр къызди1ук1ырэмк1э сыплъагъ. (15) Чылэ пчэгум ку горэ къырык1ощтыгъ. (16) Псым зыщагъэпск1ыгъэу, абг нэс пц1анэхэу нэмыц солдатхэр къонц1эу кум илъыгъэх.

(17) Кур тпэч1ынат1э къызэхъум, нэмыц солдатмэ ащыщ горэ ащ къик1ыгъ. (18) Кури къэуцугъ. (19) Солдатыр къытк1эрылъэдагъ, ежь ыбзэк1э зыгорэхэр къы1уи, нэхьтэ к1апсэу Тураб ы1ыгъым к1ырыугъ. (20) Тураб к1апсэр ыт1упщыгъэп. (21) Ынэ шхъонт1э инхэр къик1отхэу солдатыр губжыгъэ, ы1э къыпхъотагъ. (22) Нэгъэуп1эп1эгъум Тураб солдатым ыжэпкъ еуи, риутыгъ. (23) Кум ис солдатхэр хьахьахь рагъа1оу зэрэгъэщхыгъэх. (24) Солдатыр къызщылъэтыжьи, Турабэ къыжэхэлъэдагъ. (25) Апэрэм нахь лъэшэу джыри ащ чэрэгъоу нэмыцыр риутыгъ. ( 26) Солдатмэ ящхы макъэ нахь лъэшэу къыдэоягъ.

(27) Нэмыц солдатыр к1элэк1агъ, ышъхьац сырыф п1уак1эу, зызегъэпск1 нэуж мыгъушъыжьыгъэу, ыпшъэ псыгъо къурбэкъэир инэу къыхэщыщтыгъ, ыпэ п1уак1э лъы т1эк1у къичъыщтыгъ.

(28) Ящэнэрэу солдатыр къэтэджыжьыгъ, ау Турабэ къыжэхэлъэдагъэп, мэк1эмак1эу къек1уал1и, ы1э къыпхъотагъ. (29) Ары шъхьаем Тураб иогъу джыри нахь псынк1эу къыч1эк1ыгъ. (30) Нэмыцыр зэхэфагъэ. (31) Кум исхэр зэтеутхэу мэщхых.

(32) Солдатыр къэтэджыжьыгъ, ыцэлышъхьэхэр зэригъэшхыхэзэ, кумк1э чъагъэ. (33) Кум илъыгъэ автоматыр къыпхъотагъ.

(34) Сэ сыгуч1э изыгъ. (35) Турабэ гущы1э ес1ожьын слъэк1ырэп. (36) Бэщыр с1эпызыгъ. (37) Сыкъыгъэу солдатым сеплъы. (38) Ар дэдэм кум нэбгырит1у къипк1ыгъ. (39) Нэмыц солдатхэм Тураб къезэуагъэм автоматыр тырахыжьыгъ, лъэкъуаозэ кум радзи ежьэжьыгъэх…

*(Кощбэе П.)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущы1эухыгъэр ара упч1эу «Сыдигъуа нэмыцхэр чылэм къызыдэхьагъэхэр?» иджэуапыр, ащ иномер къэтх.

Джэуап ________________________________________________

3 Я (8) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу, мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан зак1эк1э къэ1уагъэр

къыхэтхык1.

Джэуап ________________________________________

4 Я (32) гущы1эухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап ________________________________________

5 Я (13) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуац1эу лъэпсит1у зи1эр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап ________________________________________

6 Я (26) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуац1эу лъэпсапэк1э гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап ________________________________________

7 Я (31) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу «мэщхых» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап ________________________________________

8 Я (10, 11) гущы1эухыгъэхэм блэк1ыщтыгъэ уахътэм ит глаголыр къыхэгъуат, къыхэтхык1.

Джэуап ________________________________________

9 Я (5) гущы1эухыгъэм плъышъуац1эр къыхэгъэщ, къыхэтхык1.

Джэуап ________________________________________

10 Я (27) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1элъык1ор къыхэтхык1.

Джэуап ________________________________________

11 Я (16) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эзэгъусэу «нэмыц солдатхэр» зыфи1орэм хэт гущы1эхэм зэпхык1эу я1эр зыфэдэр къэтх

Джэуап ________________________________________

12 Я (23) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.

Джэуап ________________________________________

13 Гущы1эухыгъэхэу (36, 37, 38) ащыщэу т1озэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап ________________________________________

14 Я (38) гущы1эухыгъэм дополнениер къыхэгъэщ, къыхэтхык1.

Джэуап ________________________________________

15 Я (37) гущы1эухыгъэр изэхэтык1эк1э зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Нэмыц солдат зэуак1ор игъусэхэм зэрагъэ1эсагъэр къэзыушыхьатырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (заом илъэхъан нэмыцхэм жъалымыгъэу зэрахьагъэхэр) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап

____________________________________________________________________________________
____________________________________________________________________________________
____________________________________________________________________________________
____________________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

## Вариант 4

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.*** <br> ***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Орэд*

(1) Гъогу чыжьэ къэзык1угъэ ц1ыф пшъыгъэр гъощагъэу чэщым хиубытагъэ хъумэ, мэш1о нэф ц1ык1оу къэпсырэм къызэригъэчэфыжьырэм фэдэу, Лахъу иорэдхэм лэжьак1охэм агу къа1этыщтыгъэ, сыд фэдиз 1оф я1эми, къоджэдэсхэм ащ иунэ ихьанхэу уахътэ къагъотыщтыгъэ. (2) Ежь Лахъуи мэкъумэщыш1э тхьамык1агъ, ау ц1ыф лъэрыхьэу дэсмэ анахьи нахь ц1эры1уагъ. (3) Пкъыгъуит1у ар зэлъаш1эныр къызхэк1ыщтыгъэр. (4) Зыр – зэрэорэды1о 1азэр арыгъэ. (5) Адрэр – ипк1ышъхьэ-мышъхьэхэр арыгъэ. (6) Сад ин и1эуи щытыгъэп, ау чъыгэу ащ и1эгу дэтхэм къапык1эрэр зы1умыфагъэ къуаджэм дэсыгъэпщтын. (7) Гъэмэфэ реным икъэлапчъэ зэ1ухыгъагъэ - хэтрэ ц1ыфи дэхьанышъ, ехъопсагъэмэ пичынышъ ышхын ы1оми фитыгъ. (8) Ежь Лахъу 1эгум дэтэу утефэмэ, ублигъэк1ыхэщтыгъэп. (9) Матэк1э къужъ1эрысэхэмрэ мы1эрысэхэмрэ къыдихынышъ, къыплъэхигъэуцощтыгъэ. (10) Арэу зэрэщытыр арыми, е орэды1о ц1эры1оу зэрэщытыр арыми къызыхэк1ыщтыгъэр, Лахъу исад чэщ тео къоджэ к1алэмэ раш1ыл1эщтыгъэп. (11) Раш1ыл1энысъа! (12) Мафэми пчыхьэми к1элэ куп урамым рык1оу зилъэгъурэм, ахэмэ къяджэщтыгъэ: «О, к1алэх! Зэ моу шъукъак1у! Мыдэ мы чъыгмэ шъуач1ахьи, къапызыгъэр къэшъуугъой, шъумышъхьахырэмэ, шъуадэк1уай, къэжъугъэсысых». (13) Ежь ащ аш1эрэм пымылъэу, унэм ихьажьыщтыгъэ, 1оф горэм фежьэщтыгъэ. (14) К1алэмэ ари1уагъэр агъэцэк1агъэу къызы1ухьажьык1э, Лахъу а къаугъоигъэр аритыщтыгъэ.

(15) Ау щытми, арэп ащ ипк1ышъхьэ-мышъхьэхэр зэлъаш1э зык1эхъугъэхэр. (16) Гъэмафэм ахэр тыдэк1и щыхъойхэба! (17) К1ымэфэ фыртыным сымэджэ хьылъэ унэм илъэу, ащ «тхьэ зэтагъэм зы мы1эрысэ 1офэ» ы1омэ, къуаджэм къыдэогъуатэмэ еплъ! (18) Ау къагъотыщтыгъэ – Лахъу ар рагъотыл1эщтыгъэ. (19) Ар фэ1эзагъ ащ ягъэт1ылъык1и. (20) Непэ къыпачыгъэм фэдэу къыштэщтыгъэ.

(21) Лахъу ч1ыгуби и1агъэп, лэжьыгъаби ыш1эщтыгъэп, былымыби ищагу дэтыгъэп, ау ышхын ыгъотыщтыгъэ. (22) Иныорэ ежьырырэ афырикъун мэщыр ащ дэгъоу ылэжьыщтыгъэ, чэмыжъ гори и1эгу дэтыгъ. (23) Ау бжыхьэм ищагу удаплъэмэ, унэгъо зэпкъырылъ хьазырэу пш1ош1ыныгъи: мэщ хьандзошхохэр къыдэщыщтыгъэ. (24) Ар ежь ич1ыгу къырихыгъэр арыгъэп. (25) Мэкъумэщыш1э лэжьак1охэу ащ иорэди, иц1ыфыгъи зик1асэхэм ежь ямэщ щыщэу къыдащэщтыгъэ: «Тэры мыр мык1 зышхыжьыщтыр, мыщ иунэ тик1ыхэщтэп», - а1ощтыгъэ.

(26) Шъыпкъэ ахэмэ зыфа1оштыгъэр. (27) К1ымафэр къызихьэрэм Лахъу иунэ зэгъок1ы хъущтыгъэп. (28) Ц1ыфмэ ячэфи ягук1айи зэрахьыл1эщтыгъэр Лахъу ары. (29) Псыхъожъыябэ зыхэлъэдэрэ псыхъошхом фэдагъ Лахъу ыгу. (30) Ащ фэдиз ц1ыфым ягупшыси, ягухэлъхэри, ящы1ак1и Лахъу ащыгъозагъ. (31) Егъэш1эрэ орэдыжъхэу, къэбарыжъхэу адыгэмэ ахэлъхэри ащ «иконыжъ» илъыгъэх. (32) Арыти, ц1ыфыбэмэ ягук1аехэри, ягупшысэ-гухэлъхэри ащ ыгу щызэхэлъэдэжьыщтыгъэх. (33) Ащ игущы1э щэрыоу, щэбзэщэ т1упщыгъэм фэдэу, къызидзырэм, бэмэ агу илъэу зэгупшысагъэхэр халъагъощтыгъэ, нибжьи ащымыгъупшэжьынэу ар агу хэт1ысхьэщтыгъэ. (34) Нычэпэ Лахъу ыусыгъэ орэдым неущ къуаджэр зэпик1ухьэщтыгъэ, ет1анэ ежьэти, адыгабзэ зы1улъ пстэумэ алъы1эсыщтыгъэ. (35)

Орэдыр тыгъэ нэфым фэд. (36) Апэ ар куп ц1ык1оу ежь ыпашъхьэ исхэр ары ны1эп зынэсыщтыгъэр – тыгъэр къыкъок1ы зыхъук1э, иапэрэ нэбзыйхэр зэк1эми анэмысэу, чъыг шъхьапэхэр къызэригъалъэрэм фэдагъ. (37) Ет1анэ орэдыр а унэм ик1ыти, лъагэу дэбыбаещтыгъэ, хэти лъы1эсыщтыгъэ. (38) Ау тыгъэм фэмыдэу орэдым зы нэшанэ хэлъыгъ, зылъы1эсырэ ц1ыф пстэури ащ ыгъэфабэщтыгъэп. (39) Ащ ык1уач1э щтыргъук1эу зыщыхъухэрэри къахэк1ыщтыгъэ. (40) Орэдым къыхэк1эу ц1ыфыбэмэ ягухьэ-гужъырэ ягубгъэнырэ зыфэгъэзагъэ хъурэр ащ ыгъэтхыощтыгъэ. (41) Ау лъэрыхьыгъэк1и мылъкук1и Лахъу иорэдхэр къэбгъэуцужьыни п1эжэжьыни уфитыжьыгъэп – ахэр псыхъо къиугъэм фэдэу, къызыпшъхьарыок1э, уапэуцужьын плъэк1ыжьыщтыгъэп.

*(Кэстэнэ Д.)*

| |
|---|
| ***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***<br>***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)*** |

**2** Сыд фэдэ гущы1эухыгъэр ара упч1эу «Анахь баир, лъэк1ышхо зи1эр Лахъу иорэдхэм афырикъунэу щытыгъа?» зыфи1орэм иджэуапыр? Иномер къэтх.

Джэуап ____________________________________________

**3** Я (35) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу, мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан зак1эк1э къэ1уагъэр къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

**4** Апэрэ (1) гущы1эухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап ____________________________________________

**5** Апэрэ (1) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуац1эу лъэпсит1у зи1эр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап ____________________________________________

**6** Я (24) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1эу мыдэныгъэ лъэпсахэк1э (суффикск1э) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап ____________________________________________

**7** Я (37) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу «лъагэу» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап ____________________________________________

**8** Я (13, 14) гущы1эухыгъэхэм лъы1эсрэ глаголыр къыхэгъэщ, къахэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

**9** Я (10) гущы1эухыгъэм плъышъуац1эр къыхэгъэщ, къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

10 Я (2) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1эгъусэр къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

11 Я (36) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эзэгъусэу «чъыгы шъхьапэхэр» зыфи1орэм хэт гущы1эхэм зэпхык1эу я1эр зыфэдэр къэтх

Джэуап ____________________________________________

12 Я (10) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

13 Гущы1эухыгъэхэу (18,19,20) ащыщэу т1озэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап ____________________________________________

14 Я (20) гущы1эухыгъэм охътэ обстоятельствэр къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

15 Я (9) гущы1эухыгъэр изэхэтык1эк1э зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап ____________________________________________

16 Лахъо ц1ыф лъэрыхьэу чылэм дэсмэ анахьи нахь зык1эц1эры1уагъэр къэзыушыхьатырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (ц1ыфыр сыда къэзгъэдахэрэр: иц1ыфыгъа хьаумэ былымыр ара?) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).
Джэуап

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

______________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 5

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

## *Часть I*

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

## *Часть II*

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Дэхэнагъу*

(1) Хэти икъуаджэ шlolaeп. (2) Ау тэ тикъуаджэу К1этыкухьаблэ нахь дахэ дунаеми темытэу сэ къысщэхъу. (3) Ар Къушъхьэпс иджабгъу нэпкъ голъэшъуагъэу зэпыщыгъэу к1ыхьэу щыс. (4) Типсыхъо Кавказ къушъхьэм чыжьэу къыщежьэ, къыфа1опщыгъэм фэдэу зимыш1эжьэу бэрэ къэчъэшъ, пшъыгъэу, пагъэу, фэмыфэу зигъазэу тикъуаджэ къэсы. (5) Ау зызигъэпсэфэу, ык1уач1э къызигъотыжьырэм, нэр ыхьэу, пэр ыхьэу, ыгъэчэрэгъухэзэ чъыгыжъышхохэр зэрилъасэхэу ар къежьэ. (6) Псыныбэр ш1озэжъоу нэпкъым къыдэк1ымэ, унагъохэм хьак1эу къафак1оуи къыхэк1ы. (7) Адрабгъук1э, псыхъом икъэрэгъулхэ фэдэу, пцел бырабэхэмрэ пхъэшъэбэ чъыг шъэджашъэхэмрэ зэдыпэбгъоу къышъхьащытых. (8) Мыдрабгъук1э акэцэ чъыгышхохэр зэуж итхэу псынэпкъым рек1ок1ых. (9) Къуаджэм итемыр лъэныкъок1и псыхъо ц1ык1оу Пчэнтхьалэ 1онт1э-щант1эу мэз гъэк1ыгъэм ыгузэгу пхырэк1ы. (10) Псыхъуит1ури тыгъэ къок1ып1эм ылъэныкъок1э мачъэх, чыжьащэу мык1охэу зэхэлъэдэжьыхэшъ, ак1уач1э хагъэхъуагъэу Пшызэ ек1ух.

(11) Сик1ас сэ гъэмэфэ пчыхьэм типсыхъо инэпкъ сытетыныр. (12) Сезэщыхэщтэп къуашъом сисэу типсышъхьашъо къыщыск1ухьэ зэпытыгъэк1и. (13) Чэщныкъо охъуфэ, сянэ къыдэк1эу «нычэпэ утесыщта мы псышъхьэм» ы1оу къысфэгубжыфэ къуашъом сисэу бэрэ къыхэк1ы.

(14) Мары нычхьапи псынэпкъым сыкъыдэк1ыгъэу сытет. (15) Псыхъом шъхьэщыт чъыг лъагэхэм нысак1эм фэдэу къакъоплъышъ, мазэр псым къыхэплъэ. (16) Сэри сыхэплъэ ащ. (17) Жьы мак1эу загъорэ псышъхьашъом рычъэрэм тыжьын упсафэхэу зэрилъасэхэрэм сяплъы, пхъэшъэбэ тхьапэхэу 1ушъашъэхэрэм сак1эдэ1ук1ы. (18) Сыхэда1о къуаджэми. (19) Чылэгум адыгэ пщынэм зэфэк1о дахэр къыщырегъэпш1ык1ут1ук1ы. (20) Пхъэк1ычэм ик1ыкъ-сыкъ макъэ псык1ыбым щы1э мэзышхор къыпэджэжьышъ, мэз гузэгуми зыгорэм джэгу хиш1ыхьагъэ фэдэу къыпщэхъу. (21) Пщынаом къенэкъокъухэрэм фэдэу бзыумэ псыхъом иадырабгъу орэд дахэ къыща1о. (22) Мыдрабгъук1и, мэз 1апчъэм ылъэныкъок1э, мэкъухашъом ежьэгъэ кухэм амакъэ къэ1у.

(23) Дэхэнагъо ынэмэ чэу а1умытыгъэмэ, Ахъмэт къызк1ахихыгъэр къэш1эгъуае. (24) Лъэкурэ ц1ык1оу, къалмэкъ нэгу тепштэу ынэхэр зэфэщагъэу, Ахъмэт к1элэ къопц1э мыджыр. (25) Ащ елъытыгъэмэ Сахьидэ пщышъао пш1ыгъэми хъун. (26) Енэгуягъо лейтенант к1элак1эм иджэнэ пшъап1э хэлъ пл1энэбзыищым Дэхэнагъо дихьыхыгъэк1э.

(27) Дзэм къик1и, зигъэпсэфынэу къэк1уагъэу, Ахъмэт къуаджэм дэсыгъ. (28) Дэхэнагъо зыдищэнышъ к1ожьынэу гухэлъ и1агъ.

(29) Сыд фэдэу сыгу хэк1ыгъ Ахъмэт Дэхэнагъо зыдищи зэк1ожьым. (30) Илъэс закъо нахьыбэрэ тыригъэджэгъагъэп  Дэхэнагъо. (31) Ау илъэс пчъагъэрэ тезгъэджэгъэ к1элэегъаджэхэм анахьыш1у слъэгъущтыгъэ. (32) Сэ сизакъоп ар ш1у зылъэгъущтыгъэр, зэрэкласс, зэрэшкол. (33) Ш1у умылъэгъун умылъэк1ынэуи къытфыщытыгъ. (34) Тэщ нахьи нахьыжъми, тилэгъум фэдэу къытхэтыгъ. (35) Ар къыддэгущы1э зыхъук1э тыныбжь икъугъахэу, къы1орэр зэк1э къыдгуры1он фаеу къытщигъэхъущтыгъэ. (36) Ыгу римыхьын горэ с1уагъэу зызэхихрэм е сш1агъэу зилъэгъурэм, сызэрищал1эти, къыстемыкуоу къыси1ощтыгъэ:(37) - Мурат, ар ныбжьи къыоспэсыныеп.

(38) Ар къызыси1орэм а ч1ып1эм сыпхырызыгъэк1и ихьау симы1эу джащ фэдизк1э сигъэук1ытэщтыгъэ.

*(Пэнэшъу С.,«Ш1улъэгъумрэ ш1омык1ымрэ»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущы1эухыгъэр ара упч1эу «Зыдэк1ощт к1алэм икъыхэхынк1э Дэхэнагъо сыда анахьэу дэзыхьыхыгъэр?» зыфи1орэм иджэуапыр? Иномер къэтх.

Джэуап ____________________________________________

3 Я (2) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу, мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан зак1эк1э къэ1уагъэр къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

4 Я (23) гущы1эухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап ____________________________________________

5 Я (25) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуац1эу лъэпсит1у зи1эр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап ____________________________________________

6 Я (7) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1эу зие лъэпсапэк1э (приставкэк1э) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап ____________________________________________

7 Я (4) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу «фэмыфэу» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап ____________________________________________

8 Я (19, 31) гущы1эухыгъэхэм мы уахътэм ит глаголыр къахэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

9 Я (21) гущы1эухыгъэм плъышъуац1эр къыхэгъэщ, къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

10 Я (20) гущы1эухыгъэм къыхэфэгъэ мэкъэпэш1 гущы1эр (междометиер) къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

11 Я (9) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эзэгъусэу «псыхъо ц1ык1оу» зыфи1орэм хэт гущы1эхэм зэпхык1эу я1эр зыфэдэр къэтх

Джэуап ____________________________________________

12 Я (2) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

13 Гущы1эухыгъэхэу (6,8, 14) ащыщэу т1озэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап ____________________________________________

14 Я (14) гущы1эухыгъэм охътэ обстоятельствэр къыхэтхык1.

Джэуап ____________________________________________

15 Я (12) гущы1эухыгъэр изэхэтык1эк1э зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап ____________________________________________

16 Дэхэнагъо адрэ к1элэегъаджэхэм анахьыш1у зык1алъэгъущтыгъэр къэзыушыхьатырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (Сыд фэдэ шэнхэр ц1ыфым хэлъын фая о угу рихьыным пае) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).
Джэуап

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 6

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Хъырбыдз пасэхэр*

(1) Тыгъэм к1ыбыр рестык1ы. (2) Чъыг тхьапэхэр къегъонлэхыгъэх. (3) Сэ Хьэсэнэ ц1ык1ум дэжь сихьагъ. (4) Ес1ощтри сымыш1эу сы1оплъыхьэшъ сыщыс. (5) Хьэсанэ сымэджэ хьылъэу, хэупц1эжьыгъэу мэзих хъугъэу п1эм хэлъ. (6) Непэ къык1идзыгъ.

(7) Шъхьантэр ык1ыб дэлъэу п1эк1ор бармэкъым егъэк1ыгъ. (8) Нэгу псыгъо к1ыфым ущызэбгырэплъы, ынэхэм анахь ин зыпари къыхэнэжьыгъэп.

(9) К1алэмэ яджэгу макъэ унэм къыредзэ. (10) Ахэр гъур еш1эх. (11) Т1ыкъ макъэр пы1ук1эу гъурым еох. (12) Пхъэгулъ чъыгыр икъутэмэ 1ужъук1э шъхьангъупчъэ 1ухыгъэм къе1абэ. (13) Къутамэм тхьэпэ плъыжь ч1апц1эхэр, пхъэгулъ шхъонт1э хъураехэр пы1эк1агъэх. (14) Ащ сызэреплъырэм Хьэсанэ гу къылъитагъ.

- (15) А къутэмэ закъор арми гъэмафэр зэрэдахэр! - мэкъэ псыгъок1э къы1уагъ Хьэсанэ. - (16) Гъэмафэр джэнэтым фэд.

(17) Сэ зи сымы1оу пхъэгулъ къутамэм щыщ къыгосчи, Хьэсанэ фэсщэигъ.

(18) Ар 1эпит1ук1э ы1ыгъэу зэпиплъыхьэщтыгъэ. (19) «Т1ыкъ» мэкъэшхо пы1ук1эу гъурым зыгорэ еуагъ.

- (20) «Ар Пушэ нэмык1эп», - сэ сыгук1э с1уагъэ.

- (21) «Псынк1э, псынк1э, армырмэ узэгоутыфэ 1ахъоу утезгъэтыщт!» - мэкъэхъоу къэкууагъ Пушэ.

(22) Джы сш1ошъ хъугъэ ащ нэмык1 арэу лъэшэу гъурым зэремыуагъэр.

(23) Ыгук1э ымыгъатхъэу Пушэ зыпари пфиш1эщтэп: 1оф ыш1эми, джэгуми, бзаджэми - ыгук1э зыреты. (24) Мы чэщ зыт1ущэу блэк1ыгъэм ащ гъэш1эгъонхэр тигъэш1агъэх. (25) Л1ынэ Щамилэ, тишкол изавхоз, Пушэ ят. (26) Ар ыныбжьк1э къытемыфэжьхэу заом к1уагъэп, нэмыцхэр тичылэ къыдэхьанхэм ыпэк1э мэзым хэхьажьи, партизанэу хэтыгъэу а1о.˙ (27) Ет1анэ сэ сш1эрэр заом ыпэк1э к1элэегъаджэхэр имыкъухэ зэхъум, Щамилэ к1элэегъаджэу 1оф зэриш1эщтыгъэр ары.

(28) Ц1ыф цыд хьазыр Щамилэ, хьарам. (29) Уелъэ1угъэк1и мастэ къыуитыщтэп.

(30) Арын фае дэгъоу зык1эпсэухэрэр. (31) Яуни зэтегъэпсыхьагъ, ящагуи зэгъэфагъэ, чэу лъагэм ылъапсэ тет1ысхьап1э шъуамбгъори 1уш1ыхьагъ. (32) Чэум къэлэпчъэшхуи, къэлэпчъэжъыйи пщынэм фэдэу зэ1уахымэ зэ1уалъхьажьэу хэтых. (33) 1офш1эгъу ужым а тет1ысхьап1э шъуамбгъом Щамилэ хьабыхъохъоу къытет1ысхьэшъ, чылэм хэплъэ. (34) 1апшъэкъо Махьмудэ л1ы сэкуплъ лъхъанчэу ащ загъорэ къыгот1ысхьэшъ, зэдэгущы1эх, Щамилэ фэдэу 1апшъэкъори зэтегъэпсыхьагъ, Щамилэ урамым къытыригъэуцогъэ тет1ысхьап1э шъуамбгъом фэдэкъабзэ ащи ыш1ыгъ. (35) Л1ит1ур ащи тесхэу къыхэк1ы.

(36) Пчыхьэ к1асэ нэс къангъэбылъ теш1агъэу тызэхэк1ыжьы зэхъум, Пушэ къыси1уагъ: «Умык1ожь, зыгорэ къыос1ощт».

(37) К1алэхэр зызэбгырэк1ыжьхэм, Пушэ ятет1ысхьап1э сикъытырини, щагум дэхьагъ, бэрэ къэмытэу къазгъырит1у ы1ыгъэу къыдэк1ыжьыгъ.

- (38) Сыд мыхэмэ ятш1эщтыр?

- (39) Тикъэлэпчъэжъые къыхэтт1ык1ыщт,- ы1уагъ Пушэ мэкъэ шъэфк1э.

*(Кощбэе П., «Хъырбыдз пасэхэр»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ джэгук1а к1алэхэр заш1эщтыгъэхэр? Гущы1эухыгъэм иномер къэтх.
Джэуап: ______________________________

3 Я (28) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ дэгу закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.
Джэуап: ______________________________

4 Я (29) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.
Джэуап: ___________________________

5 Я (37) гущы1эухыгъэм зиер къэзгъэлъэгъорэ лъэпсапэр (префиксыр) зыпыт гущы1эр къыхэтхыкI.
Джэуап: ___________________________

6 Я (19) гущы1эухыгъэм лъэпсахэк1э (суффикск1э) гъэпсыгъэ пкъыгъуац1эр къыхэтхык1.
Джэуап: ________________________________________________________

7 (36) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эу «к1асэ» зыфи1орэм антоним къыфэгъот, къэтх.
Джэуап: ____________________________________________________________

8 Я (1,2) гущы1эухыгъэхэм лъы1эсрэ глаголыр къахэтхык1.
Джэуап: ____________________________________________________________

9 Я (9, 10, 11) гущы1эухыгъэхэм къэзгъэлъэгъорэ ц1эпапк1эр къахэтхык1.
Джэуап: ____________________________________________________________

10 Я (3, 4) гущыIэухыгъэхэм къахэфэгъэ гущы1элъык1ор къахэтхыкI.
Джэуап: _____________________________________________________________

11 Я (31) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эзэгъусэу «чэу лъагэм» зыфи1орэм хэт гущы1эхэм зэпхык1эу я1эр зыфэдэр къэтх.
Джэуап: _____________________________________________________________

12 Я (3) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.
Джэуап: _____________________________________________________________

13 Я (2,3,4) гущы1эухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.
Джэуап: _____________________________________________________________

14 Я (31) гущы1эухыгъэм сказуемэхэр къыхэтхык1ых.

Джэуап: ____________________________________________________

15 Я (7) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: _______________________________________________________

16 К1алэр сымаджэ хъугъэ иныбджэгъу дэжь къызэк1ом, Хьэсанэ итеплъэ зыфэдагъэр къэзгъэлъагъорэ гущыIэзэгъусэ къыхэтхык1.

а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу;

б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI къыгъэнафэу. «Ныбджэгъу шъыпкъ» сыда зыфа1орэр? (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап:

___________________________________________________________________________

___________________________________________________________________________

___________________________________________________________________________

__________________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 7

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***
***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.***

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

***Прочтите текст и выполните задания 2-16.***

## *Саусэрыкъорэ Иныжъымрэ*

(1) Нарт Саусэрыкъо дэмысэу, зекIо кIуагъэу къэтэу, иныжъхэр нартмэ къякIухи, былымэу яIэр зэрапхъуагъ. (2) «Саусэрыкъо къэкIожьмэ зыгорэ тшIэн» аIоу нартхэр бэрэ паплъэхи, къэмкIожьыхэ зэхъум, «ащыгъум тищысыкIэ хъунэп» аIуи, нартхэр зэрэугъоихи, ежьагъэх. (3) Нартхэр дэкIыгъэу къэтхэзэ, Саусэрыкъо къэкIожьыгъ.

– (4) Тян, тIэкIу сэгъэшхы, – риIуагъ.

– (5) О сыгъашх оIо ущыс, мыдыкIэ иныжъхэр нартмэ къякIухи яIэ кIэныр зэрапхъуагъ. (6) Нартхэри, «тикIэн къэтхьыжьыщт» аIуи, дэкIхи къэкIодыгъэх.

- (7) Тян, ар зыгорэу хъун, мыдэ тIэкIу сэгъэшхы, – риIожьыгъ.

(8) ПIэстэ чъыIэ тIэкIурэ щыбжьый щыгъу тIэкIурэ къыритыгъэх. (9) Ахэр ышхыхи, «нибжьи ащ нахь дэгъоу сыбгъэшхагъэп, тян, сыбгъэтхъагъ» ыIуи, зыIулъэкIыхьи тэджыжьыгъэ.(10) Тхъожъыем ешэси дэкIыгъ. (11) Нартхэр Къойданэ нэсыгъэхэу чъыIэшхо гъуркI къаришIылIи, блэкIынхи, къагъэзэжьыни амылъэкIэу ижъыгум риубытагъэх. (12) Зыреубытэхэм, Насрэн ЖэкIэ КIыхьэр дзэпщэу ахэтыти, къяупч1ыгъ: – Имыс, машIо уиIа?

– (13) СиIэп.

– (14) Оры, Сосым, машIо пIыгъа?

– (15) СIыгъэп.

– (16) Оры, Хъымыщ?

– (17) Сэри сIыгъэп.

– (18) Iащэмэз?

– (19) Къыздэсштагъэп машIо.

(20) Нартмэ машIо зэрашIын зыхагъотэжьыгъэп.

- (21) «Гъогу мыгъо тыкъытехьагъ, нартхэр, – ыIуагъ мыщ дэжьым Насрэн ЖэкIэ КIыхьэм,– жъи кIи ар хьадэгъу тфэхъун, чъыIэгъуркIым ижъыгу пцIанэм зэкIэми тыристыхьан. (22) Тэ тымыакъылынчъагъэмэ, нартхэр, шыоу, пыимэ зыцIэ зэхахымэ ыгъэтхытхыхэу, заом текIоныгъэр щызигъусэу, зипч пыим фэхьазырэу, зитандж лъагэ жъогъо гъуазэу къытфепсэу, зилIыхъужъыныгъэ, ашъом фэдэу, тыкъиухъумэу, зищэбзэщапэхэр фыртынэм пэшIуекIоу, егъэзыпIэ ифэхэрэр дэзыщыжьэу Саусэрыкъоу лIы къопцIэ чырышхъор къыздетщэжьэныеба!»

(23 ) Нартхэм агу кIодыгъэ, епэгъогъохыгъэх.

(24) Тхъожъыер жьым дэкIоти, нартмэ ятхьэмэфакIор чэщ-зымафэм ыкIузэ, Саусэрыкъо Къойданэ нэсыгъ. (25) Нартхэр зэплъэхэм, чъыIэ-пщэгъо коренэм хэтэу, Iуашъхьэм зы шыу щылъэразэу алъэгъугъ.

- (26) «Ар зилIыIо-лIышъор СаусэрыкъокIэ тенэгуе, къэсыгъэмэ тыдищыжьын» – аIуи, нартхэр гушIуагъэх, къеджагъэх.

– (27) Фэсапщи, тизэолI пхъашэу, тигъозэ цIэрыIу, чъыIэ фыртынэм ичэщ мэзахэ тэ тыхэкIуадэ, плъэкIыщтымэ, псынкIаIоу мэшIошхо къытфэшIи зытэгъэгъэфэбэжь!

– (28) Гъогу мафэ шъуежь апщи, нартхэр, шъуилъэгъун тхьэм къыжъудегъэхъу. (29) Ау хэт ишыуанэ зэтырилъхьэмэ машIо зэришIын зыдимыштэу гъогууанэ техьэра? (30) Сэ зы мэшIобзый сIыгъэп, зыдасштэу сихабзэп. (31) Сэ спкъышъол щылычышъ, чъыIэр зэхишIэрэп. (32) Ау щытми, шъугу шъумыгъэкIоды, нартхэр, машIо къышъуфэзгъотын.

(33) Саусэрыкъо ибзалъэ щылыч щабзэ къырихи, огум ит жъуагъор къыриутэхыгъ. (34) Жъуагъор мэшIо тхъуабзэ пыустхъукIэу зэбгырытэкъугъ.

(35) Нартмэ зырагъэун аIуи апкъы зырыз фагъэзагъ, ау а зысыхьатым жъуагъор къетэкъохи кIосэжьыгъэ.

- (36) «Ар хъунэп» – ыIуи, Саусэрыкъо Тхъожъыем зыридзи, Хьарам Iуашъхьэ зыдэчъаем, чыжьэкIэ тауташ горэм пэнэпцIэ сэраишхо горэ дэтэу, ащ Iугъо мэкIэ тIэкIоу къыдихырэр ошъуапщэм хэкIодэжьэу ылъэгъугъ. (37) ФиучIынэтIи зечъалIэм, сэраир пэнэпцIэ кIухьагъуиблыкIэ шIыхьагъэу, иныжъ унэ ащ дэтэу къычIэкIыгъ. (38) Зы пхъэцIэкIэшхорэ зы пхъэцIэкIэ цIыкIурэ машIом пэлъхэу, иныжъым илэгъупэ чэм псаур хэлъэу егъажъо. (39) Ежь иныжъ нэтIэгу нэ закъори машIом къегъолъэкIыжьыгъэу, ышъхьэрэ ылъэгуанджэрэ зэгъэIыгъэу, чъыепырхъ еошъ щылъ.

(40) Изы цэпэшIуани Iутыжьэп.

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Нарт Саусэрыкъо чъы1э зык1ызыхимыш1эрэр къэзгъэлъагъорэ гущы1эухыгъэм иномер къэтх.
Джэуапыр ________________________________________

3 Я (10) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ дэгу закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.
Джэуап: ________________________________

4 Я (23) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.
Джэуап: ____________________________

5 Я (30) гущы1эухыгъэм лъэпсэзэхэхьан ш1ык1эмк1э гъэпсыгъэ гущы1эр къыхэтхык1.
Джэуап: ____________________________

6 Я (6) гущыIэухыгъэм зиер къэзгъэлъэгъорэ лъэпсапэр (префиксыр) зыпыт гущы1эр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.
Джэуап: __________________________________________________________

7 Я (8) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «чъыIэ» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.
Джэуап: _____________________________________________________________

8 Я (20,21) гущыIэухыгъэхэм мыдэныгъэ шъуашэм ит глаголыр къахэтхыкI.
Джэуап: ____________________________________________________________

9 Я (33) гущы1эухыгъэм ехьыл1эгъэ плъышъуац1эр къыхэгъэщ, зигъусэ пкъыгъуац1эм къыдыхэтхык1.
Джэуап: ____________________________________________________________

10 Я (35,36) гущыIэухыгъэхэм къахэфэгъэ зэпыщыт зэпхыр къыхэтхыкI.

Джэуап ______________________________

11 Я (8) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «п1эстэ чъы1э т1эк1урэ» зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

12 Я (3) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.

Джэуап: ____________________________________________________________

13 Я (32,33,34) гущы1эухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

14 Я (30) гущы1эухыгъэхэм подлежащэр къэгъэнаф, къыхэтхык1.

Джэуап: ____________________________________________________________

15 Я (8) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Сыда Саусырыкъо янэ ышхынэу къыритыгъэр? зыфи1орэ упч1эм иджэуапэу гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхык1

а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу;
б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI къыгъэнафэу. Сыд фэдэ адыгэ шхыныха о пш1эхэрэр? (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап:

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

## Вариант 8

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.<br>Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Илъэс фыртынэхэр*

(1) Чылэм къыдэхъухьагъэм ЖэкIагъомдыхэр щыгъозагъэхэми, Хьатамэ зыдэхъугъэр ашIэщтыгъэп. (2) Тэ щыIэми къыкъокIыщт ар аIозэ, мэфищэ ежагъэх. (3) А уахътэм къыкIоцI джыри чылэм кIохи, къэкIожьыгъэх ...

(4) Зыдигъэзэщтыр ымышIэу заулэрэ Хьатамэ щытыгъ. (5) ЕтIанэ псынэкIэчъым гуиубыти, мэзцунэм хэтэу кIуагъэу ошIэ-дэмышIэу гъэхъунэ горэм IуупIагъ. (6) Мэзым къыхэплъи, гъэхъунэм зеплъэм, осышхо къызэресырэр къыгурыIуагъ. (7) Зытет чIыпIэр еохы фэдэу къыщыхъугъэти, зеплъым чIыунапчъэу чъыг тхьапэр зытебгъотыхьажьыгъэр илъэужмэ къычIагъэщыгъ. (8) КъызеIэтым, мэкъу бгъотэрымэр къыIууагъ. (9) Сырнычыр хигъани чIэплъагъ. (10) ЧIыунэ бгъузэ лъэгум мэкъур итэкъуагъ. (11) ЧIы хэтIыкIыгъэ бгъу лъэныкъом дэгъэ остыгъэ някъост дыижьыгъэр ит.

(12) ЧIыунэу зычIэплъагъэм цIыф зэрэщымыпсэужьырэр къэшIэгъуаеу щытыгъэп. (13) Хьатамэ гушIуагъэ. (14) Дэгъу, осым щегъэтыжьыфэкIэ щырихын. (15) Жьы къэбзэ тIэкIу чIыунэм ригъахьи, етIанэ ежьри ихьажьыгъ. (16) КъызэрэшIошIыгъэу цIынагъэп. (17) Хэта Iофы зезгъэшIэу мыр мэзым щызытIыгъэр? (18) Хэтына, дезертирмэ ащыщыщтын.

(19) Партизанмэ зэрамытIыгъэр гъэнэфагъэ. (20) Плъэмэ, къогъум шIуцIагъэ горэ къолъэу елъэгъу. (21) ПаIо. (22) Къэгъэзэжь Къэсэй ипаIоба мыр?..

(23) Ары, олахьэ арым. (24) Хьатамэ зыгорэу ыгу къэхъугъ. (25) Зыдэщылъыгъэм ыгъэтIылъыжьыщтымэ ымышIэу тIэкIурэ паIор еIыгъышъ, чIыунэпчъэ Iухыгъэм къыредзы. (26) Джыри зэ сырнычыр хегъанэшъ, джэхэшъогур къызэпеплъыхьэ. (27) Зи римылъэгъожьми, чIыунэм исыжь шIоигъоп. (28) Щэч хэлъыжьэп, Къэгъэзэжь Къэсэй ичIыунагъ мыр. (29) Тэмэкъупшъхьэ уIагъэм лъыр къичъыжьырэп шъхьакIэ, къыхаоу регъэжьэ. (30) Хъунэп моущтэу чIыунэм искIэ, партизанмэ алъыхъун фае. (31) ЧIыунапчъэр лъакъокIэ тыредзэжьышъ къыIокIыжьы.

(32) Щэджагъо мыхъупэу осым икъесын зэпегъэу, ошъогум ынэгу къызэIуихыжьэу еублэ. (33) Загъорэ къокIыпIэ лъэныкъомкIэ топыо макъэхэр къеIукIых. (34) БэшIагъэ ахэр зызэхимыхыжьыщтыгъэр. (35) Илъэс някъо фэдиз хъугъэ. (36) Заор а лъэныкъомкIэ къикIэу къакIомэ Iофыжьэп.

(37) Ащыгъум ежь ымышIэу дунаим зыгорэхэр щэхъух. (38) ГушIом зэлъиштэу икIо регъэхъу. (39) ЖэкIагъомдыхэм яджэ шIоигъоу гум къэкIы. (40) Мэзым ухэтэу уджагъэри уипый уеджагъэри тIури зы.

*(Мэщбэш1э И., «Илъэс фыртынэхэр»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Хьатамэ мэзым хэт ич1ыуна къыщигъотыгъэр? Ащ иномер къэтх.
Джэуапыр ____________________

3 Я (4) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.
Джэуап: ________________________

4 Я (32) гущы1эухыгъэм метафорэр къыхэтхык1.
Джэуап: _________________________

5 Я (31) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпсэзэхэхьан ш1ык1эмк1э гъэпсыгъэр къыхэтхык1.
Джэуап: ___________________________

6 Я (7) гущыIэухыгъэм зиер къэзгъэлъэгъорэ лъэпсапэр (приставкэр) зыпыт гущы1эр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.
Джэуап: ________________________

7 Я (10) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «бгъузэ» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.
Джэуап: ________________________

8 Я (6) гущы1эухыгъэм ухыгъэ глаголыр къыхэтхык1, пчъагъэр, уахътэр, шъхьэр къэтх.
Джэуап: _________________________

9 Я (6) гущы1эухыгъэм эргатив падежым ит пкъыгъуац1эхэр къыхэтхык1ых.
Джэуап: __________________________

10 Я (30) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущы1эгъусэр къыхэтхыкI.
Джэуап: ___________________________

11 Я (15) гущы1эухыгъэм зэгъэк1ун зэпхык1э зи1э гущ1эзэгъусэр къыхэтхык1.
Джэуап: ____________________________

12 Я (4) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.
Джэуап: ____________________________

13 Я (5,6,7) гущы1эухыгъэхэм ащыщэу т1озэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.
Джэуап: ____________________________

14 Я (5) гущы1эухыгъэм ш1ык1э обстоятельствэр къыхэтхык1.
Джэуап: ___________________________

15 Я (2) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:
1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ
Джэуап: ______________________

16 Сыд фэдизэрэ ЖэкIагъомдыхэр Хьатамэ ежагъэха? зыфи1орэ упч1эм иджэуапэу гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхык1
а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу;
б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI къыгъэнафэу (гущыIэухыгъэ щым къыщымыкIэу). Хэгъэгу зэошхом тилъэпкъ тхьамык1агъоу къыфихьыгъэр.
Джэуап:
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________
________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 9

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***
***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.***

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

***Прочтите текст и выполните задания 2-16.***

## *Былымгъотмэ яатэкъэжъ*

(1) Былымгъотмэ атэкъэжъ гъэш1эгъон я1. (2) Быным хъяр къехъул1эщтми гукъао къафыкъок1ыщтми, джэнч ыдзыгъэм фэд, къеш1э. (3) Зыт1о-зыщэ тэмаоу, ысыдж плъыжьышхо унэмк1э къыгъэзагъэу къызы1ок1э, Молэхъан къэбар гуш1уагъор къызэрэфэбыбырэм ехъырэхъышэжьырэп. (4) Ау атэкъэжъыр щагум дигъэзык1эу зы1ок1э, ныом ытхьабылыпчэ къыпэзы.

- (5) Бэлахьэр къыптеф, атэкъэжъ, - ы1омэ ц1ац1эзэ, пхъэнк1ыпхъэ лъэдакъэмк1э еошъ, чэушъхьэм къыреутэхы.

(6) Атэкъэ сэкуплъыр пчъэ1упэм хьабыхъохъоу къы1ууцуи, лъэшэу к1ыригъэщэу къэ1уагъ, ят1уани, ящани зигъэш1эгъожьызэ а орэдыр къык1и1отык1ыжьыгъ. (7) Молэхъан ы1упш1э зэлъагъэхэр зэблэчъыхи, ытхьак1умэхэм анэсыжьыгъэх.

- (8) Хъяр, хъяр, атэкъэжъ. (9) Къэбарыш1умэ узгъэгуш1ожьын.

(10) Къэбарым бэрэ зэригъэжагъэхэп. (11) Пчыхьэм ныор шъхьаукъагъэу бырсыр мэкъэшхо ытхьак1умэ къыридзагъ. (12) Пчъэр къы1уахыгъ. (13) Фэжъу макъэр шыблэм фэдэу унэм къызеом, Молэхъан къык1игъэщтагъ. (14) Нэп1э къызэтехыгъо имыфэзэ, ягъунэгъу к1алэр къипк1агъ.

- (15) Усэгъэгуш1о, тян, нысэ уи1.

- (16) Ы-ы? – зэхихыгъэр ыгъэш1агъуи, къыгъэ ныор, ау Пыикъо ипшъашъэ къызэрэфащагъэр зеш1эм, ежь зыфэегъэ дэдэр арыти, къэгуш1ожьыгъ.

(17) Бэу бэрэ ежагъ Молэхъан апэрэ нысэу къыфащэщтым, гущы1э дахэу ри1ощтхэри бэрэ зэригъэфагъэх.

(18) Адэ атэкъэжъыр? (19) Ар зэригъэш1ожьын фаери Молэхъан щыгъупшагъэп. (20) Пчэдыжьым къызэрелъэехыжьыгъэм лъыпытэу натрыфышъхьэ джадэр гуащэм рихи, изэкъуабзэу атэкъэжъым ригъэшхыжьыгъ.

(21) А пчэдыжь дэдэм гуш1уак1охэр къежьагъэх. (22) Зыр рагъэблэгъэгъэ къодыеу адрэр агъэк1отэжьы. (23) Молэхъан къэк1эжьыгъэу мэ1эчъэ-лъачъэшъ ахэт. (24) Нысэм ипщ Бэчыри ихьак1эщ ис, ащи фэгуш1ох.

(25) Мызыгъэгум л1ыжъ пэ1ошхуищ нахьыбэ хьак1эщым къищырэп, ежьыри унэр къырек1ук1ы - рек1ук1ыжьы. (26) Ыкъо икъэщак1э ш1омытэрэзэу ыжэк1э папц1э хэт1эхъожьзэ мэгъумыгъу.

- (27) Емык1у саш1ыгъ, - къафе1уатэ л1ыжъмэ, - нысэ ц1ык1ур яунэ къызыращым, шъхьаубатэмэ зи амыгъэт1ылъыгъэу а1уагъ. (28) Ныбжьык1эх, делэх, аш1эрэп шъхьае, тэ къэдгъэзэжьынышъ к1алэ тыхъужьына? (29) Тэри зыгорэм тыфэдэмэ тш1оигъу. (30) Зэк1э хэсэгъэк1ыжьышъ, адыгэ хабзэри сэ сиунагъок1э зыфэк1одыжьыщтыри сш1эрэп ны1а?

(31) Бэчыр къыдырагъаштэу л1ыжъэу щысхэм ашъхьэ агъэсысыгъ.

- (32) Арэп, сыд язгъэхьымэ хъун, сыдэу шъу1орэ?

(33) Яныбджэгъу ыгу илъым тырагъэфэщтымэ е ыгу хэу1эщтхэмэ язэрэмыгъаш1эу л1ыжъхэр къызэплъыгъэх – зэплъыжьыгъэх.

- (34) Шъощ фэд, сэри зытесыубытэщтыр сш1эрэп, ау сомишъэ горэ ахьыжьмэ икъун фэдэу къыса1ок1ыгъ, - нэгу зиш1угъор джыри нахь къэушэплъызэ, къы1уагъ ежь ыгу пык1ырэр Бэчыр.

- (35) Ари шыкурба, бэу дэгъу. (36) Мысомэ минмэ егъэзыгъа? (37) Джырэ ахъщэми осэшхо и1, ош1а! (38) Мин зыми ыгу пык1эу къыуитыщтэп, - къыдырагъэштагъ щысхэм.

(39) Къык1элъык1орэ мафэм мэл ныкъори акъузи, псы шъондырыри тырак1эжьи, Бэчыри ил1ык1охэр гъогууанэм техьагъэх. (40) Бэрэ к1уагъэха, мак1эрэ

к1уагъэха, хэт ыш1эра? (41) Молэхъан ип1эстэ-щыпс ащымыгъупшэжьызэ, къуаджэм л1ыжъхэр нэсыгъэх.

*(Кощбэе П., «Былымгъотмэ яатэкъэжъ»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Молэхъан ыкъо нысэ къызэрищагъэм еплъык1эу фыри1эр къызщигъэлъагъорэ гущы1эухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ______________________________

3 Я (31) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ дэгу закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

4 Я (11) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ___________________________

5 Я (20) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ___________________________

6 Я (38) гущыIэухыгъэм зиер къэзгъэлъэгъорэ лъэпсапэр (префиксыр) зыпыт гущы1эр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________________________________

7 Я (20) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «джадэр» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

8 Я (2, 3) гущыIэухыгъэхэм лъыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ___________________________________________________________

9 Я (41) гущы1эухыгъэм деепричастиер къыхэтхык1.

Джэуап: ____________________________________________________________

10 Я (33,34) гущыIэухыгъэхэм къахэфэгъэ зэпыщыт зэпхыр къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________________

11 Я (6) гущы1эухыгъэм хэт гущы1эзэгъусэу «атэкъэ сэкуплъыр» зыи1орэм хэт гущы1эхэм зэпхык1эу я1эр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

12 Я (21) гущы1эухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхык1.

Джэуап: ____________________________________________________________

13 Я (24, 25, 26) гущы1эухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущы1эухыгъэм иномер къэтх.
Джэуап: ____________________________________________________________

14 Апэрэ (1) гущы1эухыгъэм къэзгъэнафэр къыхэтхык1, бзэ гущы1эу къызэры1уагъэр къэтх.
Джэуап: ____________________________________________________________

15 Я (12) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:
1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ
Джэуап: ____________________________________________________________

16 «Бэчыр ыкъо икъэщак1э ш1отэрэзыгъа?» зыфи1орэ упч1эм иджэуапэу гущыIэзгъусэ текстым къыхэтхык1
а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу;
б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу). К1алэм икъэщак1э о еплъык1эу фыуи1эр.
Джэуап:
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________
____________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 10

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.*** <br> ***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Шахъомрэ пшъэшъэ пагэмрэ*

(1) Нэфылъэ къызэкIэчыгъом инэфынэ нэгъыфхэр чъыгшъхьэкIэ Iужъумэ къапхырыпсы фежьэгъагъ, Лаукъан зыдэкIогъэ лъэныкъомкIэ, гъэхъунэм иадрабгъукIэ, шхончэо мэкъэ закъо къызэIум. (2) А шхончэо мэкъэ чыжьэр мэзыр зэлъызгъэджэ шыблэ гъогъо мэкъэ щынагъоу Сурэ ытхьакIумэ щыIугъ. (3) Ащ дэжьым Лаукъан зыдэкIуагъэри зыкIэкIуагъэри Сурэ щыгъупшэжьыгъагъ. (4) ЫшIэжь закъоу ыгу къинагъэр - ежь иухъумакIоу, зыщыгугъын закъоу дунаим тетыр зыдэщыIэ лъэныкъомкIэ шхончэо щынагъор къызэрэщыIугъэр ары. (5) Зым нахьи зыр нахь щынагъоу гукъэкIхэр ышъхьэ къыщечэрэгъокIы фежьагъэх: оркъхэр къытебэнагъэх... аукIыгъ... заоу амыукIыгъэмэ, ащыгъум, нафэба, шхончэо макъэр зыныеп, боу къэонхи нахь... сыд ышIэщт, тыдэ чъэщт... – гузэжъогъушхом хэтэу Сурэ ышъхьэ щыблэзэрэхыщтыгъэх. (6) Нэфылъэм псынкIэу зыкъызэIуихыщтыгъэ, чъыгыхэм уакIоцIырыплъэу гъэхъунэ шъуамбгъом адрабгъур плъэгъу хъугъагъэ. (7) Сурэ къызщылъэтыни ынэ зыдаплъэрэмкIэ ечъэжьэн исапыгъ, ау зэрэщтагъэм чIыпIэм хиIулIагъэу щысыгъ. (8) Аузэрэ гъэхъунэм иадрабгъу Лаукъан къихьажьыгъэу къэкIожьэу ылъэгъугъ. (9) Ар мыхъыжъэу, икIуакIэу, шъабэу, ау пытэу зыхитIэу уцоу къэкIожьыщтыгъэ, ыблыгучIэ зы гъожьышъо такъыр гори чIэлъыгъ.

(10) Сурэ ыгуи къихьажьыгъ. (11) Зипхъуати Лаукъан печъэжьагъ, ау гъэхъунэ гъунэм зынэсым зыкъишIэжьыгъ, укIытэжьи ышIэн ымышIэу гъэхъунэ мэз 1апчъэм дэжь къыщыуцугъ – бысымгуащэу, лIэу гъомлапхъэ къэзыхьэу къэкIожьырэм ежэрэм фэдэу.

(12) Лаукъан, шъыпкъэ дэдэу, гъомлапхъэ къыхьыщтыгъэ: ыблыгучIэ мэз пчэн цIыкIу чIэлъыгъ. (13) Сурэ дэжь къэмысэу Лаукъан къызэтеуцуи гъэхъунэм изыпэкIэ лъэныкъокIэ плъэ фежьагъ. (14) ЕтIанэ Сурэ зэрищэлIэнэу Iапэ къыфишIыгъ. (15) Мыдрэри зыфигъэдэн ымышIэу, тIэкIуи тещынахьэу бгъодэхьагъ.

– (16) НекIо, о джырэ нэсы гу зылъыптэнэу угу къэмыкIыгъэр джыдэдэм зэхэозгъэхыщт..., – ыIуи гъэхъунэ мэз Iушъом готэу рищэжьагъ.

(17) АпэкIэ псыхъо цIыкIоу гъэхъунэр зэпызыбзыкIырэмрэ мэзышхомрэ азфагу мэз къежьэгъакIэу, чы-кондэ Iужъу дэдэу зэхэкIыхьагъэу тыкум дэтыгъ. (18) Ау ащ нэмыкIэу унаIэ зытебдзэн гори Сурэ ылъэгъущтыгъэп. (19) Зыфихьын ымышIэу ыкIи Лаукъан цахь фимышIэу щыщтэнэу Сурэ ыгу къитэджэжьыгъэр кIуатэ къэсыми нахь лъэшы хъущтыгъэ. (20) Мэз пырыпыцу Iужъум ыгъунэ шъыпкъэ рищалIи, Лаукъан пшъашъэр къыгъэуцугъ. (21) Мэз къежьэгъакIэм ухэхьан умылъэкIынэу Iужъугъэ, пчэдыжь пщэгъо-Iугъуашъор шъхьащытыгъ, яжьэр тетэкъуагъэм фэдэу осэпс телъыгъ.

– (22) Мары, едэIу... ( 23) Iапэ ышIыгъ Лаукъан а мэз пырыпыцумкIэ.

(24) Ащ дэжьым Сурэ нибжьи зэхимыхыгъэу е, зэхихыгъэми, гу зылъимытэгъэ гъэшIэгъон щызэхихыгъ. (24) А мэз пырыпыцу лъхъэнчэ тIэкIур бзыу орэд къэIоным къызэлъигъаджэу, орэдыIо макъэр хизыгъ. (25) Чъыг къутамэ пэпчъ зы бзыу тесэу ыкIи зэкIэ бзыоу щыIэр ащ щызэрэугъоигъэу зэдырагъаштэу, гушIом зэлъиIэтхэу орэд къызэдаIо фэдэу къыпщыхъущтыгъэ. (26) Мэз тыкум шъуе-шIуй макъи, цIыры-

щыры макъи къыхэмыIукIырэ щыIэжьыгъэп. (27) Бзыу мэкъэ зэмышъогъубэм зэтырагъэпшIыкIутIукIэу, етIупщыгъэу орэдыр агъэщыщтыгъ. (28) Ау ащ фэдэу мэкъэ зэфэмыдабэу щытыгъ нахь мышIэми, мэкъэ пстэуми зэдаштэу зэхэхьажьти, бзыу орэд гъэшIэгъонэу хъущтыгъэ.

(29) ЕтIани, ащ яорэд къэIуакIэ мафэрэ зэхэпхырэм фэдэу орэд зырызэу зэхэдзыгъэу щытыгъэп, етIупщыгъэу, алъэкI къамыгъанэу амакъэ къыхьырэм фэдизкIэ жьы Iухьагъу ямыIэу, бзыу цIыкIу пэпчъ зэрилъэкIэу а орэдым хэлажьэм фэдагъ.

(30) Ежь бзыухэр плъэгъущтыгъэп, мафэрэ пкIэтэ-лъатэхэу, быбатэу зэрэплъэгъоуи плъэгъущтыгъэп. (31) Сыдэу щытыми, зы бзыу закъуи а мэз пырыпыцум ышъхьагъ зыкъыщиIэтыгъэу а сыхьатым Сурэ щилъэгъугъэп. (32) Зэрэмэзэу орэд къыIорэм фэдагъ. (33) Шъыпкъэ дэдэмкIэ, бзыухэр ижъырэ бзыу нэшанэ горэм фэIорышIэхэу, а бзыу орэдыр зэхащагъэу ыкIи зэдаштэу, алъэкIыщтым фэдизкIэ зэкIэри яорэд икъэIэтын хэлажьэхэ фэдагъэх. (34) Сурэ гъэшIэгъон дэдэ фырикъугъэу щытыгъ. (35) Ащ фэдэ гъэшIэгъонхэр дунаим къытехъухьэ Iоу джы нэс ышIагъэп. (36) Ар зыгорэм къыриIуагъэми ышIошъ хъуныеп. (37) Мэзышхом адрэ ичIыпIэхэмэ ар ахэдаIощтыгъэ. (38) Ау ахэмэ зи къахэIукIыщтыгъэп, бзыу зырызымэ амакъэ зэгъо дэдэрэ щызэхэпхыми арыгъэ ныIэп. (39) Бзыу орэд къэIоныр зыдэщыIагъэр мырыгъэ, мы мэз пырыпыцу тыку тIэкIур арыгъэ. (40) Сурэ Лаукъан зыкъыфигъази гъэшIэгъон шъэф Iурыпчъэу къеупчIыгъ.

*(К1эрэщэ Т., «Шахъомрэ пшъэшъэ пагэмрэ»)*

|  |
|---|
| ***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.*** ***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)*** |

2 Лаукъан къызэрык1ожьырэр зелъэгъум, сыдэущтэу Сурэ зек1уагъа? зыфи1орэ упч1эм иджэуап къэгъэнаф Гущы1эухыгъэм иномер къэтх.
Джэуап: ______________________________

3 Я (15) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.
Джэуап: ______________________________

4 Я (10) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.
Джэуап: ___________________________

5 Я (11) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.
Джэуап: ___________________________

6 Я (12) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ глаголэу лъэныкъор къэзгъэлъэгъорэ лъэпсапэкIэ (префикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________________________________

7 Я (6) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «псынкIэу» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.
Джэуап: ____________________________________________________________

8 Я (9) гущыIэухыгъэхэм лъымык1отэрэ глаголыр къыхэтхыкI.
Джэуап: ____________________________________________________________

9 Я (36) гущы1эухыгъэхэм мыгъэнэфэгъэ ц1эпапк1эр къыхэтхык1.
Джэуап: ______________________________________________________________

10 Я (13) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэлъыкIор къыхэтхыкI.
Джэуап: ______________________________________________________________

11 Я (6) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «псынкIэу зыкъызэIуихыщтыгъэ» зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.
Джэуап: ______________________________________________________________

12 Я (18) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.
Джэуап: ______________________________________________________________

13 Я (7,8,9) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.
Джэуап: ________________________________

14 Я (20) гущыIэухыгъэм пэблэгъэ дополнениер къыхэтхык1.
Джэуап: ____________________________________________________________

15 Я (30) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:
1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ
3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Сурэ нибжьи зэхимыхыгъэу е, зэхихыгъэми, гу зылъимытэгъэ гъэшIэгъонэу мэзым щызэхихыгъэр къиз1отык1ырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхык1
а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу;
б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (мэзым пчэдыжьрэ изытет) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).
Джэуап:
______________________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

## Вариант 11

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Гукъэк1ыжь*

(1) Лъэпкъыр лъэпкъ зыш1ырэр - ыбз, ар опсэуфэ лъэпкъыри щэ1э, бзэр щымы1эжьмэ лъэпкъыр жъогъохэчъэу мэк1осэжьы, тарихъым хэхьажьы, уплъэк1ун-ушэтын 1офыгъомэ ащыщэу мэхъужьы. (2) Ащ фэдэ тхьамык1эгъошхо къызэхъул1эгъэ ц1ыф лъэпкъхэри мымак1эу тарихъым щаш1э.

(3) Ц1ыф лъэпкъым ыбзэ ежь лъэпкъым ибаиныгъ а1оу бэрэ къыхэк1ы. (4) Ар шъыпкъэ. (5) Ары ык1и зэрэщытри. (6) Джащ фэдэу тэ тыбзи тибаиныгъ. (7) Щэч хэлъэп, адыгабзэр бай. (8) Зэхаш1эу анахь зэхэфыгъуаери, гупшысэу анахь куури къырып1ошъунымк1э тыбзэ амал инхэр и1. (9) Бзэми 1ашэми ягъэфедэн зэфэдэ. (10) Уфэмы1азэу бгъэфедэмэ 1ашэм нахьи бзэм нахь зэрарышхо къыуихын ылъэк1ыщт. (11) Ары адыгэмэ «чатэм пиупк1ырэр мэк1ыжьы, жэм пиупк1ырэр к1ыжьрэп» зык1а1уагъэр. (12) Мыщ хъишъэ горэ сыгу къыгъэк1ыжьыгъ.

(13) Пщым дэжь хьак1эхэр къэк1уагъэу щызэхэсыгъэх. (14) Хьак1эу щысхэм ащыщ горэм ибысым ри1уагъ ипщыл1 бэдзэрым ыгъэк1онышъ, дунаим зынахь дэгъу темыт пкъыгъо горэ къыригъэхьынэу. (15) Бысымыр ипщыл1 къеджи хьак1эхэм зыфа1уагъэр къафихьынэу бэдзэрым ыгъэк1уагъ. (16) Пщыл1ыр бэрэ къэмытэу къэк1ожьыгъ. (17) Лэгъэ тешъом 1эплъэк1 зытехъогъэ пкъыгъо илъэу ащ пщым къыритыгъ. (18) Зеплъхэм, ар бзэгоу къыч1эк1ыгъ.

- (19) «Мыра дунаим зынахь дэгъу темытэу къэпхьыгъэр?» - щысхэм пхъэтэпэмыхь аш1ыгъ. (20) «Ары, - ы1уагъ адрэми.

- (21) Мыщ нахь дэгъу дунаим зи тетэп, сыда п1омэ зынахь гущы1э дэгъу щымы1эхэу мамырныгъэр, зэкъошныгъэр, ш1улъэгъуныгъэр, шъыпкъагъэр, зэфагъэр ащ къырып1онхэ плъэк1ыщт».

(22) Ет1ани т1эк1у теш1агъ.

- (23) «Адэ джы зынахь щынагъо дунаим темыт пкъыгъо горэ уипщыл1 бэдзэрым къытфырегъэх», - ащ ыужи хьак1эхэр ябысым елъэ1угъэх. (24) Ят1онэрэуи пщыл1ыр бэдзэрым агъэк1уагъ ык1и ш1эх дэдэуи къэсыжьыгъ. (25) Къыхьыгъэм зеплъхэм, а бзэгу дэдэр арэу къыч1эк1ыгъ. (26) Щысхэм агъэш1эгъуагъ а зы бзэгур т1огъогогъо къызэрихьыгъэр.

- (27) «Адэ мыра дунаим зынахь щынагъо темытэу къытфэпхьыгъэр?» - а1уи еупч1ыгъэх.

- (28) «Адэ мыщ нахь щынагъо дунаим тетыжьа? - къари1ожьыгъ пщыл1ым. (29) Гущы1эхэу заор, ук1ыныр, тхьалэныр, бзэгук1э къэтэ1ох. (30) Бзэгум къыпэк1ых гу зэфыщык1ыныр, зэш1ок1одыныр, зэрэлъэгъужьы мыхъуныр, зэрэгъэк1одыжьынхэр».

(31) Тыбзэ зэрэбаим тырэгушхо, ащ бэрэ тытегущы1э, тытегущы1эни фае. (32) Ау а баиныгъэр нэкум фэдэу къэтыухъумэныр типшъэрылъ шъхьа1эмэ ащыщ. (33) Ар зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп. (34) Тыбзэ икъэухъумэни, ихэхъоныгъи тэ т1эмыч1э илъ. (35) Тыбзэ ибаиныгъэ къэтымыухъумэмэ зэщыкъон ылъэк1ыщт, зэрарышхуи ехыгъэ хъущт. (36) Арышъ, ащ зэк1эми инэу тына1э тедгъэтын фае.

*(Мэрэтыкъо Къ., «Гукъэк1ыжь»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Сыда бзэм имэхьанэ?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерыр къэтхых.

Джэуап: ______________________________

3 Я (9) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

4 Я (34) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ___________________________

5 Апэрэ (1) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ___________________________

6 Я (7) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу лъэпсапэкIэ (префикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

7 Я (7) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «бай» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ______________________________

8 Я (16, 17) гущыIэухыгъэхэм лъымыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: _____________________________

9 Я (15) гущыIэухыгъэм причастиер къыхэгъэщ, къыхэтхыкI.

Джэуап: _____________________________

10 Я (13) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэлъыкIор къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

11 Я (24) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «бэдзэрым агъэк1уагъ»

зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ______________________________

12

Я (17) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________

13 Я (28, 29, 30) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ________________________________

14 Я (10) гущыIэухыгъэм шIыкIэр къэзгъэлъэгъорэ обстоятельствэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________

15 Я (2) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ________________________________

16 Бзэм уфэмысакъмэ, къэмыухъумэмэ къехъул1эн ылъэк1ыщтыр къэзыушыхьатырэ гущы1эзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (бзэм узэрэпылъын, къызэрэуухъумэн фаер) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап:

________________________________

________________________________

________________________________

________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 12

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *К1эгуш1ужьыгъ*

(1) Нафсэт ц1ык1ур апэрэ классым щеджэ. (2) Шъыпкъэр п1ощтмэ, Нафсэт еджап1эм ч1эхьанэу фэегъахэп. (3) К1элэц1ык1у 1ыгъып1эр ащ лъэшэу ыгу рихьыщтыгъ. (4) Ипшъэшъэгъу ц1ык1оу Саидэ игъусэу, янэ е ятэ ы1апэ ы1ыгъэу пчэдыжь къэс ащ к1ощтыгъ. (5) Джэголъэ зэфэшъхьафыбэмэ Нафсэт арыджэгущтыгъ. (6) Иныбджэгъу ц1ык1умэ ак1ыгъоу езэщыфэ щагум къыщичъыхьэщтыгъ, щэджэгъуашхэ зэрарагъэш1эу агъэгъолъыти агъэчъыещтыгъ. (7) Унэм къэк1ожьыгъэми зыфаем фэдизрэ джэгун, телевизорым мультикэу къыгъэлъагъохэрэм яплъын фитыгъ.

(8) Джы а зэк1эри пк1ыхьап1э фэдэу к1одыжьыгъэ. (9) Еджап1эм къик1ыжьэу унэм къихьажьы къэс янэ къеушъыи к1элэегъаджэм едэ1унэу, мыш1ык1эенэу, еджэным егугъун фаеу къыре1о. (10) Ащ къыхегъэхъожьы телевизорым зэреплъырэр нахь мак1э ыш1ынэу. (11) Нафсэт ц1ык1ум ыгук1э ыгъэш1агъоощтыгъ. (12) «Сеплъын с1уагъэк1и уахътэ си1эжьэп. (13) Хэт мы еджэныр къэзыгупшысыгъэр?!» (14) Еджап1эм сымык1о зэхъум си1оф нахь дэгъугъ.

(15) Хьау, хьау, еджап1эм ч1эхьанэу фэегъахэп Нафсэт ц1ык1ур. (16) Ау янэ-ятэхэм къыфадагъэп, «зэк1эри еджэ, ори уеджэн фае» къыра1уагъ.

(17) Урокым ч1эсэу Нафсэт ахэмэ ягупшысэщтыгъ, к1элэегъаджэм къы1уатэрэм едэ1у-емыдэ1ушъоу партым дэсыгъ, мэлак1э л1эмэ ышхынэу мы1эрысит1у янэ портфелым къызэрэфыдилъхьагъэр ышъхьэ къызеом. (18) Мэ1эш1ур апилъэсык1эу мы1эрысэ дахэхэр ынэгу къык1эуцуагъэх. (19) Ы1упси къыригъэчъагъ. (20) Ары шъхьаем янэ къыфигъэпытагъ урокым щимышхынэу. (21) Ау зыфэщы1эшъугъэп. (22) Ехъопсэпагъэти, зыфэсакъыжьыныр ымыш1эу зы мы1эрысэм «к1ыкъ» макъэ пигъэ1ук1эу лъэшэу ецэкъагъ. (23) К1элэегъаджэм ащ гу лъитагъэу ылъэныкъо къэк1онэу къызежьэм, гу1энк1э мы1эрысэхэр портфелым дидзэжьыгъэх. (24) Ащ лъыпытэу сурэтхэр зыдиш1ыхьэрэ альбом иныр къыдихи, къызэдихи ыпашъхьэ рилъхьагъ. (25) Пшъэшъэжъыем рилъэгъул1агъэр къыфи1этынэу, ыгъэук1ытэжьынэу к1элэегъаджэр фэягъэп.

- (26) Хэт мы сурэтыр зыш1ыгъэр, Нафсэт, ора? - мы1эрысэ нэгушъхьаплъ дахэу тхылъып1эм теш1ыхьагъэм 1апэ фиш1и.

- (27) Сэры, - ы1уагъ Нафсэт. (28) Зытесш1ык1ыгъэри мары, - мы1эрысэр къыдихи к1элэегъаджэм къыригъэлъэгъугъ.

(29) К1элэегъаджэр щхыпц1ыгъэ. (30) Сурэтэу къыригъэлъэгъугъэр зэрэдэхэ дэдэм дак1оу нэутхагъэу къыхэфагъэм дихьыхэу щытхъугъ

- (31) Ухъупхъ, Нафсэт, фэдэкъабзэу пш1ыгъэ.

(32) Ар апэрагъэми, аужрэ хъугъэп. (33) К1элэегъаджэр къызщигъэтхъумэ ш1оигъоу Нафсэт ц1ык1ур еджэным егугъущтыгъ. (34) Зэмк1э к1элэегъаджэм къыри1ощтыгъ: «Сыдэу дахэу утхэра, Нафсэт!» (35) Ет1анэ хьисапыр дэгъоу къызэриш1ыгъэм, тхылъым дэгъоу къызэреджагъэм апае къыщытхъущтыгъ. (36) Ар гуапэ щыхъущтыгъ пшъэшъэ ц1ык1ум. (37) Унэм къызэрэсыжьэуи янэ ри1отэжьыщтыгъ ик1элэегъаджэ къызэрэщытхъугъэр. (38) «Тхьакъысати, сипшъэшъэ ц1ык1у, сыдэу упшъэшъэ хъупхъ, сыбгъэгуш1уагъ» ы1оти, ными Нафсэт пытэу

зэриубытыл1эщтыгъ. (39) Джы Нафсэт ц1ык1ур к1эгуш1ужьы еджап1эм зэрэч1эхьагъэм.

*(Бэгъушъэ М., «К1эгуш1ужьыгъ»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Пшъэшъэжъыем иеджэн ехьыл1агъэу сыда янэ-ятэхэм къыры1уагъэр?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерхэр къэтх.

Джэуап: ________________________________

3 Я (8) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ дэгу закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________

4 Я (18) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________

5 Я (25) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________

6 Я (27) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу лъэпсапэкIэ (префикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: __________________________________________________________

7 Я (9) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «мыш1ык1эенэу» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

8 Я (5, 6) гущыIэухыгъэхэм лъымыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________________

9 Я (7) гущыIэухыгъэм причастиер къыхэгъэщ, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________________________________________

10 Я (14) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэгъусэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________________________________________

11 Я (22) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «лъэшэу ецэкъагъ» зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ______________________________________________________________

12 Я (33) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________________________________________

13 Я (5, 6, 7) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу т1озэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ______________________________

14 Я (4) гущыIэухыгъэм къэзгъэнафэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________________________________________

15 Я (12) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Пшъэшъэжъыер к1элэц1ык1у 1ыгъып1эр ыгу зык1ырихьыщтыгъэр къэзыушыхьатырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (к1элэц1ык1у 1ыгъып1эр ыгу зык1ырихьын ылъэк1ыщтыр) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап:

______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
______________________________________________________________________________
_________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

# Вариант 13

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Мыжъом дэк1оягъэр*

(1) Мыекъуапэ ыпшъэк1э километрэ щэк1 горэм узык1ок1э, Шъхьэгощэ ныбэ мыжъошхо дэлъ. (2) А мыжъошхор игъэпсык1эк1э к1энк1эм фэд, укъощыгъэу щылъ - зым «адыгэ мыжъу», адрэм - «къэзэкъ мыжъу» е1о, т1умэ язэу ыц1э шъыпкъэри, илъэс пчъагъэу ыныбжьыри зыми ыш1эрэп. (3) Зырызмэ къызэра1орэмк1э, пасэм мы ч1ып1эм исыгъэ абдзахэмэ хъулъфыгъэ к1алэр л1ы хъугъэмэ, шы тебгъэт1ысхьэу заом бгъак1о хъущтмэ къызэраш1эщтыгъэр мы мыжъор ары. (4) Л1ыр шыоу зэрэк1орэм тетэу а мыжъом дэк1оен зилъэк1к1э, гъогу тебгъэхьанк1и, зао 1убгъэхьанк1и утемыщыныхьажьынэу алъытэщтыгъэу а1о. (5) Арыти, пшъашъэ горэм хъулъфыгъэ шъуашэ зыщилъи шыоу а мыжъом дэк1оегъагъэу, джаущтэу л1ымэ ахэуцогъагъэу къэзы1уати урехьыл1э.

(6) Сш1эрэп а лъэхъаным л1ыгъэр аущтэу уушэтыныр къек1ущтыгъэми. (7) Джыдэдэм узегупшысэк1э, ар ушэтык1э дэгъугъэу плъытэн плъэк1ырэп.

(8) Нэмык1 къэбархэри бэу а мыжъом пылъых. (9) А пстэумэ анахь сш1огъэш1эгъоныгъэр зыбжыхьэ адыгэ л1ыжъэу къушъхьэм нэ1уасэ сызщыфэхъугъэм къысфи1отэжьыгъэр ары. (10) Ар къэстхыжьымэ зысш1оигъор бэк1ае ш1агъэ, ау гу тесымыш1ыхьэзэ непэ къэсыгъ, джы къэстхынэу тесыубытагъ.

(11) Ар зыхъугъэм илъэсишъа - шъит1уа теш1агъэр, зыми тэрэзэу къы1онэу ыш1эрэп. (12) Джы мы ч1ып1эу мыжъор зыдэщылъым пэмычыжьэу пасэм зы адыгэ къуаджэ щысыгъ. (13) А къуаджэм л1ыгъэм осэшхо щыфаш1эу щытыгъ. (14) Ары пшъэшъэ дахэ къызыдахъок1э к1элэ зикъэщэгъоу дэсыр щы1ухьэ-1ук1эу, чэщи, мафи ямы1эжьэу, ащыщэу пшъашъэр дэзыхыщтыр язэрэмыгъаш1эу зык1ыщызэнэкъокъущтыгъэхэр.

(15) Ау джы нэс фэдэ къыхэмык1ыгъэу, нэрэ напцэрэ зи1эу ащ фэдэ къэмыхъугъэу къуаджэм пшъашъэ къыдэтэджагъ Дэхащ а1оу. (16) Ежь идэхагъэ зынэсри икъун фэдизэу зыдиш1эжьэу, лъэшэуи зигъэлъэп1эжьэу къежьэгъагъ а пшъашъэр. (17) Гущы1эу къы1орэ пэпчъ зэ1эпахзэ, хымэ къуаджэми анэсэу, 1эгъо-благъом имызакъоу псэлъыхъо к1алэхэр чыжьэу къыфик1хэу аублэгъагъ. (18) Мощ фэдиз псэлъыхъо к1алэм дахи, дэгъуи, 1уши, л1ыблани къахэмык1ы хъуна, ау дэк1он п1алъэк1э зи зэримыгъэзэгъэу ш1ук1аерэ къырык1уагъ. (19) Ары шъхьаем, егъаш1эм щысинэу пшъашъэ къэхъугъэп, Дэхащи нахь къырагъэзэу къаублагъ, ащ пшъашъэри ышъхьэ ригъэгупшысагъ.

(20) Мафэ горэм джэгушхор мы мыжъом дэжь щызэхэт, пшъашъэу джэгум къыращэл1агъэмэ Дэхащи къахэлыдык1ы. (21) К1элак1эмэ анэ къык1эджаго, зылъэгъурэм ирэхьат ш1ок1оды, нэмык1 плъап1э и1эжьэп. (22) Пшъашъэр дэзыхыщтыр язэрэмыгъаш1эу к1алэми зэнэкъокъуныр къахэхьагъ, анахь к1оч1аш1ор язэрэгъаш1эрэп.

(23) Зэк1эм джэгуак1ом джэгур зэпигъэуи Дэхащэ гущы1эр ритыгъ. (24) Пшъашъэр зыхэтмэ къахэк1оти, джы нэс зи зэмыжэгъэхэ гущы1эхэр къы1уагъэх.

- (25) Ул1а, сыл1а зы1оу тихэгъэгу исыр мыщ къек1ол1агъ. (26) Шъо зэхэшъумыхыгъэ мыщ дэжьым сэ къыщыс1онэу арэп, сшъхьэ ыуасэ елъытыгъ къэс1ощтри. (27) Тикъуаджэуи орэхъу, армырэу хымэ къуаджэ къерэк1, к1алэу

псэогъу сызфэхъумэ зыш1оигъоу къырихьыл1агъэр бэк1ай, сэ зыми ыгу хэзгъэк1ынэу сыфаеп. (28) К1алэм пшъашъэм лъэгъун фыри1эным зи емык1у хэлъэп, хэти зыфаер хехы. (29) Сэ сшъхьэк1э псэогъук1э сызфаер зыщыщи, мылъкоу и1эми ямылъытыгъэу к1алэу мо мыжъом дэк1оен зылъэк1ырэр ары.

(30) Шыу зэтегъэпсыхьагъэу, лъэшэу зыщыгугъыжьэу ч1ып1эм къырихьыл1агъэр мэк1агъэп. (31) Апэу дэк1оещтыр язэрэмыгъаш1эу изэрэгъэлъыгъэх. (32) Адэ мощ фэдиз зидэхэгъэ пшъашъэр къыдэпхынк1э пш1эмэ мыжъор хэгъэк1и мэш1о 1уашъхьэми удэк1оенба! (33) Гу1агъэх, зи алъэк1 къагъэнагъэп. (34) Пстэумэ апэ ишъыгъэр мы къуаджэм щыщ к1алэу Къаншъау. (35) К1элэ къабзэк1э зи къыфэт щы1агъэп. (36) Щагъдый ищыгъэм тесэу къызэрэк1орэм тетэу къызэтемыуцоу дэчъэенэу ежьагъ. (37) Шъыпкъэ джыри, дэхэк1аеу зи1этыгъагъ, ау зэк1эм шъхьачэк1э къефэхыгъ. (38) Ет1анэ Къаншъао мыгъом шыри къытефэжьи, ащ нахьэу къэтэджыжьыгъэп.

(39) Джэгур къэукъуагъ, мощ фэдэ к1элэ хъазынэр л1агъэу джэгужьыныехa, пщынэ макъэри зэпыугъ, ц1ыфхэри плъызэу къызэхэнагъэх.

*(1эшъынэ Хь., «Мыжъом дэк1оягъэр»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Дэхащэ итеплъэ сыд фэда?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерхэр къэтх.

Джэуап: ______________________________

3 Я (7) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ дэгу закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

4 Я (27) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

5 Я (17) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

6 Я (8) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу лъэпсапэкIэ (префикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

7 Я (16) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «идэхагъэ» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ______________________________

8 Я (11, 12) гущыIэухыгъэхэм лъымыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

9 Я (23) гущыIэухыгъэм мыухыгъэ глаголыр къыхэгъэщ, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

10 Я (10) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ зэпхыр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

11 Я (39) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «к1элэ хъазынэр» зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ______________________________

12 Я (12) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

13 Я (6, 7, 8) гущыІэухыгъэхэм ащыщэу т1озэхэт гущыІэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ______________________________

14 Я (7) гущыІэухыгъэм къэзгъэнафэр къыхэтхыкІ.

Джэуап: ____________________________________________________________

15 Я (6) гущыІэухыгъэр изэхэтыкІэкІэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыІэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыІэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыІэухыгъ

Джэуап: __________________________________________________________

16 Къэншъао зыфэдэ к1алэр къэзыуушыхьатырэ гущыІэзгъусэ текстым къыхэтхыкІ: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишІошІ (к1алэр зыфэдэн ылъэк1ыщтыгъэр) къыгъэнафэу (гущыІэухыгъэищым къыщымыкІэу).

Джэуап:

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

________________________________________________________________________________

_______________________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

**Вариант 14**

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Псыхъом 1ут чъыгыр*

(1) Бжыхьэ мэфагъ. (2) Чъы1эбжьыгъэ. (3) Псыхъо 1ушъом бжыхьэм ныкъот1эк1 ыш1ыгъэу, дышъашъоу чъыг ц1ык1у горэ 1утыгъ. (4) Чъыг ц1ык1ур 1ушъашъэрэм фэдэу щытыгъ. (5) Итхьапэхэм шъабэу ч1ым зыратыщтыгъэ. (6) Псыхъоу зык1элъырытым, ш1оркъ нэжъ зэхэхьагъэу, уахътэм ищэрэхъ къызэрэтехьэрэм ыгъэнэшхъэигъэу, гупшысэзэ ыпэ ригъэхъущтыгъэ.

(7) А псыхъо ц1ык1ум ышыгу исэу, шаоу кум исым фэдэу, т1эк1уи зыш1ош1ыжьзэ, пхъэтэкъэжъ горэм псым зыкъыригъэхьыщтыгъэ. (8) Маш1ом къык1эзыжьыгъэу, ык1ышъо ш1уц1э лыц1агъэ псым тхъу щифэжьыгъ п1онэу ц1ыущтыгъэ, ыжэу т1эк1у зэк1эк1ыгъэр зэтырикъузэнэу пылъэу ебгашъо теощтыгъэ. (9) Чъыг ц1ык1ур ащ къылъэгъугъ. (10) Ежь лъапсэ зэримы1эжьым ыгу къызэк1игъэнагъ. (11) Ыцэ ш1уц1эшхохэр къы1уигъэпсызэ, дыджэу, псыхъор зэпигъаджэу къыдэхьащхыгъ.

- (12) «Пшъхьашъо ик1ыжьыгъэу, зыпш1ош1ыжьэу, уныкъот1эк1эу сыда узпэтыр, сидэхэк1ай?» (13) Чъыг ц1ык1ум ар шъхьак1о щыхъугъ, ынэпс гъожь ц1ык1ухэр къык1этэкъузэ гъэу ыублагъ.

(14) Ащ псыхъом ыгу къегъугъэ фэдэу, зэ1угъэнак1оу мыжъо чэгъэ ц1ык1у къызхигъэк1ыгъ. (15) Мыжъор нэпкъым къы1ут1ысхьи чъыгым къеушъыигъ.

- (16) «Сыда узфэгъырэр? (17) Узфэгъын зи щы1эп. (18) Уишъуашэ охъожьмэ гъэш1эгъона? (19) О уизакъуа ащ фэдэр? (20) Зэк1эри зэфэдэх, умыгъ».

(21) Чъыг ц1ык1ум ынэпсыцэ гъожь ц1ык1ухэр зэтеуцуагъэх. (22) Ащ къехъул1агъэу зыфэгъырэр зэк1э иушъыяк1о ри1отагъ.

(23) Мыжъор хэщэтык1ыгъ: (24) «Ары, лъапсэ зимы1эжьэу зыш1эн зымыш1эрэмэ угу хагъэк1ы, ау ар щынагъоп, сыда п1омэ о уныбжьык1, къыбгурымы1огъэнк1и хъун ащ и1оф зытетыр. (25) Сыда мощ зызэребгъэгъапэрэр? (26) Упымылъ ащ ы1орэм. (27) Сэ мары къысэплъ сызэрэчагъэм, олъэгъуба! (28) О сэщ уфэдэп. (29) О ащ егъаш1эм у1ук1эжьыщтэп. (30) Сэ къысэутэк1и сызыгъэчагъэм сы1ук1эжьыщт. (31) Ет1анэ сэ ащ ыш1эрэр къезгъэ1ожьын. (32) Сэ симыфэшъуашэу сыкъигъэчагъэми, ежь ифэшъошэ шъыпкъэр езгъэгъотыщт. (33) Пк1э зимы1эжьым земыгъэгъап, игущы1э нэк1хэм зямыгъэух. (34) Узэдэ1ущтхэр ащ фэдэхэр арэп, уигъунэгъоу нахь 1ушхэу, нахьыжъхэр ары. (35) Чъыг зэ1умык1э щы1эми, мыжъоу псым хэлъэу зэмыутэк1 щы1эпышъ, сы1ук1эжьыщт сэ ащ. (36) О умыгумэк1, удэхэц1ык1оу уахътэм удэк1о».

(37) Ар къы1уи къэзы1офытэгъэ псыхъом 1уилъэсык1ыжьыгъ. (38) Чъыг ц1ык1ур ащ ригъэгупшысагъэу, ыгу нахь пытагъэу, зыпкъ иуцожьыгъэу, мыгумэк1ыжь хъатэу, къэхъурэм хэтэу дак1ощтыгъэ.

*(Ергъукъу Щ., «Псыхъом 1ут чъыгыр»)*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Пхъэтэкъэжъым исурэт сыд фэдагъа?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерхэр къэтх.

Джэуап: ______________________________

3 Я (7) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

4 Я (10) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

5 Я (7) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпсищ зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

6 Я (9) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу лъэпсапэкIэ (префикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

7 Я (13) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «шъхьак1о» зыфиIорэм синоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ______________________________

8 Я (14, 15) гущыIэухыгъэхэм лъымыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

9 Я (3) гущыIэухыгъэм мыгъэнэфэгъэ ц1эпапк1эр къыхэгъэщ, къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

10 Я (30, 31) гущыIэухыгъэхэм къахэфэгъэ охътэ наречиер къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

11 Я (7) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «псым зыкъыригъэхьыщтыгъэ» зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ______________________________

12 Я (29) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ______________________________

13 Я (9, 10, 11) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу зэзэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ______________________________

14 Я (30) гущыIэухыгъэм ухыгъэ глаголыр къыхэтхыкI, ар зэрыт шъхьэр, пчъагъэр, уахътэр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

15 Я (2) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ____________________________________________________________

16 Чъыг ц1ык1ум шъхьак1оу къыра1уагъэхэр къэзыушыхьатырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIошI (чъыг ц1ык1ум сыда джыри ыгу къеон ылъэк1ыщтыгъэр) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъищым къыщымыкIэу).

Джэуап:

______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________
______________________________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

## Вариант 15

***Инструкция по выполнению работы***

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

***Желаем успеха!***

***Часть I***

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

***Часть II***

| |
|---|
| ***Прочитите текст и выполните задания 2-16.*** |

## *Ситэтэжъ ихьатырк1э*

(1) Ситэтэжъ сэ ш1у дэдэ селъэгъу. (2) Тыдэ к1оми сэ ащ сыригъус. (3) Ситэтэжъ ы1орэр зэхэсэхы, ыш1эрэр сэлъэгъу. (4) Пцэжъые ешэныр ик1асэшъ, гъэмафэрэ бэрэ псыхъом сыздещэ. (5) К1ымафэм тызыгъолъыжьк1э пшысэжъхэр, къэбар гъэш1эгъонхэр ащ къысфе1уатэх. (6) Сыкъызэхъум, къызэра1отэжьырэмк1э, ситэтэжъ ары ц1эу Нурбый къысфэзыусыгъэр. (7) Ау ар щыгъупшэжьыгъэ фэдэу «а си Нур» ы1озэ къысэджэ.

(8) Ситэтэжъ ш1урыш1ук1э къыоощтэп. (9) Мыхъун горэ с1уагъэу зызэхихырэм е зилъэгъурэм сызэрещал1эшъ сызэрэпсэугъэр зэрэемык1ур къызгуригъа1оу къысэгыи, къысэушъыи. (10) Ау зэгорэм чышъо сызэриш1ыгъагъэр джы къызнэсыгъэми сщыгъупшэрэп.

(11) Ащыгъум еджап1эм джыри сык1ощтыгъэп, илъэсих сыныбжьыгъэми ары ны1эп. (12) Ар сыгу къэзгъэк1ыгъэри о къаш1э, тиунэ дэпкъ пц1ашхъомэ раш1ыл1эгъэ набгъом пц1эшхъо щырхэр исхэу «ц1ыр-щыр» рагъа1о зэхъум, бэщ к1ыхьэ къасшти, сепыджызэ, скъутагъэ. (13) Пц1эшхъо щырхэр къизгъэзыгъэх. (14) Ар сятэжъ зелъэгъум чы шхъуант1эр къышти, сапхэк1 к1игъэплъык1ыгъ, лъэшэу сигъэкууагъ. (15) Сыгъы зэхъум, ыгу къысэгъугъ, сызэрищал1и, сшъхьашъо 1э къыщифэзэ къысэушъыигъ. (16) Пц1эшхъо набгъор пкъутэмэ, «сищырбын изыпхъыгъэр Тхьэм репхъ» ы1онышъ пц1ашхъор бгэк1аеу къыобгыщтэу къыси1уагъ.

(17) Ащ къыщыублагъэу бзыухэр ш1у сигъэлъэгъунхэм ситэтэжъ пылъыгъ. (18) Пц1ашхъохэм ямызакъоу бзыу пстэури ц1ыфым иныбджэгъухэу, дунаир къызэрагъэк1эрак1эрэм, дахэу орэд къызэра1орэм нэмык1эу яш1огъэшхуи къак1оу ы1ощтыгъ. (19) Пк1эшъэхъухэу, нэмык1 хьэц1э-п1ац1эхэу садхэм зиягъэ язгъэк1ыхэрэр ахэм ашхых. (20) Нэужым пц1эшхъо набгъуи нэмык1 бзыу набгъуи сиягъэ язгъэк1ыжьыгъэп. (21) Пхъэмбгъу п1уак1эм хиш1ык1и ситэтэжъ бзыу шхап1эу сфиш1ыгъэр шъхьаныгъупчъэм пэчъынат1эу щагум щес1ул1ыгъ. (22) К1ымафэм ос къызеск1э пчэдыжь къэс, еджак1о сык1оным ыпэк1э хьалыгъу шкъойхэр, фыгуцэхэр бзыу шхап1эм тестакъощтыгъэх. (23) Есэжьыгъэхэу бзыу зэфэшъхьафхэу къыщызэрэугъоихэрэр багъэ. (24) Анахьыбэ зышыпыщтыр язэрэмыгъаш1эу зэнэкъокъухэрэм фэдэу агъэжьызэ ахэр апхъуатэ зыхъухэк1э, шъхьаныгъупчъэм сы1утэу сяплъыныр сик1ас, гухахъуи хэсэгъуатэ.

(25) Мыгъатхэ къыблэм къибыбык1ыжьыгъэхэ пц1эшхъуит1умэтиунэ дэпкъ набгъо тыраш1ыхьагъэти сыгуш1уагъ. (26) Щырхэри къыщыращыгъэх. (27) Ахэмэ аригъэшхыщтыр янэ къафихьыгъэу набгъом къызет1ысыл1эк1э, джыри 1улэ зы1умызыжьыгъэ пц1эшхъо щырхэм ажэ зэк1эгъэзыжьыгъэу къыпэгъок1ыщтыгъэх. (28) 1ахьэнчъэу къэнэным тещыныхьагъэщтын, ащыщ горэ гу1ащэу янэ зыкъызыфещэим набгъом къизыгъ. (29) Ар тичэтыу зелъэгъум, ыпхъуати к1и1агъ. (30) Сэ сыгу1эзэ чэтыум сылъежьагъ, ау ащ уз1игъэхьана! (31) Пц1эшхъо щырыр ыкъузи, зы1убзаезэ ащ къыгъэзэжьыгъ. (32) Сятэжъ ишэн сыдихьыхэу, тичэтыу ш1у сэлъэгъути, сеошъугъэп, ау къыгуры1ощт - къыгурымы1ощтым сыпымылъэу сегыигъ, ыш1агъэр зэрэмытэрэзыр ес1уагъ.

(33) Ар ситэтэжъ къызыфэсэ1отэжьым къыси1уагъ: (34) «Пш1эщтыр ары, си Нур, набгъом пц1эшхъо щыр къизмэ ч1ыгум темыфэным пае ыч1эгъ хъыгъэ шъэбэ убгъугъэ горэ ч1э1ул1.

(35) Сятэжъ къызэрэси1уагъэм тетэуи сш1ыгъэ. (36) Афэсш1агъэркъагуры1орэм фэдагъ пц1эшхъо щырхэм янэрэ ятэрэ, гык1ыгъэхэр зыпалъэрэ гъуч1ычэу щагум щырыщагъэм тесхэу сыкъызалъэгъук1э ашъхьэ аукъощызэ къысэплъыщтыгъэх.

(37) Пц1эшхъо щырхэр ины хъухи, набгъом ибыбык1ыжьыгъэх. (38) Ш1эхэу ахэр къыблэм быбыжьыщтых. (39) Сыгу къеорэр къэк1ощт гъатхэ нэс пц1эшхъо ц1ык1ухэр зэрэсымылъэгъущтхэр ары.

*(Пэнэшъу Хь., «Ситэтэжъ ихьатырк1э»*

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений)***

2 Сыд фэдэ гущыIэухыгъэр ара упчIэу «Сыда к1элэц1ык1ум ыгу къеорэр?» зыфиIорэм иджэуапыр, ащ иномерхэр къэтх.

Джэуап: ________________________________

3 Я (37) гущыIэухыгъэм гущыIэу мэкъэзэращэу хэтхэр мэкъэ чан закIэкIэ къэIуагъэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________

4 Я (15) гущыIэухыгъэм фразеологическэ оборотыр къыхэгъуат, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________

5 Я (15) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ пкъыгъуацIэу лъэпситIу зиIэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________

6 Я (38) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ гущыIэу лъэпсахэкIэ (суффикскIэ) гъэпсыгъэр къэгъэнаф, къыхэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________

7 Я (5) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэу «тызыгъолъыжьк1э» зыфиIорэм антоним къыфэгъот, къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

8 Я (17, 18) гущыIэухыгъэхэм лъыIэсрэ глаголыр къахэтхыкI.

Джэуап: ____________________________________________________________

9 Я (20) гущыIэухыгъэм наречиер къыхэгъэщ, къыхэтхыкI, зыхэхьэрэ купыр къэтх.

Джэуап: ____________________________________________________________

10 Я (12) гущыIэухыгъэм къыхэфэгъэ мэкъэпэш1 гущы1эр къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________________________

11 Я (5) гущыIэухыгъэм хэт гущыIэзэгъусэу «къэбар гъэш1эгъонхэр» зыфиIорэм хэт гущыIэхэм зэпхыкIэу яIэр зыфэдэр къэтх.

Джэуап: ________________________________________________

12 Я (19) гущыIэухыгъэм играмматикэ лъапсэ къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________________________

13 Я (3, 4, 5) гущыIэухыгъэхэм ащыщэу т1озэхэт гущыIэухыгъэм иномер къэтх.

Джэуап: ________________

14 Я (25) гущыIэухыгъэм охътэ обстоятельствэр къыхэтхыкI.

Джэуап: ________________________________________________

15 Я (3) гущыIэухыгъэр изэхэтыкIэкIэ зыфэдэр къэгъэнаф, иномер къэтх:

1) шъхьэ гъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

2) шъхьэ мыгъэнэфагъэ зыхэт зэзэхэт гущыIэухыгъ

3) шъхьэ зыхэмыт зэзэхэт гущыIэухыгъ

Джэуап: ________________________________________________

16 К1элэц1ык1ум мыхъо-мыш1эу ыш1агъэр къэзыушыхьатырэ гущыIэзэгъусэ текстым къыхэтхыкI: а) зы къэушыхьатын - текстым къыхэхыгъэу; б) зы къэушыхьатын - о къэугупшыс уишIош1 (бзыухэр, псэушъхьэхэм узэрафыщытын фаер) къыгъэнафэу (гущыIэухыгъэ щым къыщымыкIэу).

Джэуап:

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

________________________________________________

Родной (адыгейский язык) 9 класс

## Вариант 16

### *Инструкция по выполнению работы*

*Экзаменационная работа по родному (адыгейскому) языку состоит из 2 частей, включающих в себя 16 заданий.*

*На выполнение экзаменационной работы отводится 3 часа 00 минут (180 минут).*

*Часть I включает в себя одно задание и представляет собой письменную работу по прослушанному тексту (изложение). Исходный текст для изложения прослушивается 3 раза. Объем текста изложения, который должен написать участник экзамена - не менее 70 слов.*

*Это задание выполняется на бланке ответов.*

*Часть II состоит из 15 заданий (2-16). Задания части II выполняются на основе* ***прочитанного*** *текста. Исходный текст дан в самой работе.*

*Ответы к заданиям части II (2,13,15) запишите в поле ответа в тексте работы в виде цифры, которая соответствует номеру правильного ответа, а затем перенесите в бланк ответов № 1.*

*Ответами к заданиям части II (3-12,14) являются слово или словосочетание.*

*Ответами к заданию 16 части II являются: а) приведение верного аргумента из текста для чтения (словосочетание); б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений), подтверждающего мнение экзаменуемого.*

*Ответы запишите в поле для ответа в тексте работы, а затем перенесите в бланк ответов.*

*На экзамене разрешено пользоваться орфографическими словарями адыгейского языка.*

*При выполнении заданий экзаменационной работы можно пользоваться черновиком.* ***Записи в черновике, а также в тексте контрольных измерительных материалов не учитываются при оценивании работы.***

*Баллы, полученные Вами за выполненные задания, суммируются.*

*Постарайтесь выполнить как можно больше заданий и набрать наибольшее количество баллов.*

### *Желаем успеха!*

### *Часть I*

| |
|---|
| ***Прослушайте текст и выполните задание 1 на БЛАНКЕ ОТВЕТОВ.***<br>***Сначала напишите номер задания, а затем – текст изложения.*** |

*Прослушайте текст и напишите изложение.*
*Учтите, что Вы должны передать главное содержание как каждой микротемы, так и всего текста в целом.*
*Объём изложения – не менее 70 слов.*
*Пишите изложение аккуратно, разборчивым почерком.*

### *Часть II*

| |
|---|
| ***Прочтите текст и выполните задания 2-16.*** |

*Адыгэ хьак1эщ*

(1) Пэсэрэ адыгэ хьак1эщыр, хьак1эщ къодыеу щытыгъэп ар. (2) Зэныбджэгъухэр хьак1эщым бэрэ щызэрэлъэгъущтыгъэх. (3) Хъулъфыгъэ 1офхэри ащ щырахъухьэщтыгъэх. (4) Мэзрэ чэщрэ уишъэф щымы1у а1ощтыгъэ, ау шъэф 1отап1эу я1агъэр хьак1эщ зэгъок1ыр арыгъэ. (5) 1оф шъэфыби щызэкъуадзэщтыгъэ ащ. (6) Зэшъэогъуит1у яшъэф 1отэп1э нэрыгъэу я1агъэри а хьак1эщыр арыгъэ. (7) Гупшысэп1э гущы1эп1эшхоу я1агъэри хьак1эщыр арыгъэ. (8) Дунэе еплъык1э зэфэшъхьафхэр ащ щызэутэк1ыщтыгъэх. (9) Хэт игулъыти, изэхэш1ык1и зынэсрэр къызщылъагъоу, л1ы губзыгъэр апэу нафэ къызщыхъущтыгъэри арыгъэ.

(10) Анахьэу хьак1эщым пчэгуп1эр щызы1ыгъыгъэр пшысэ, таурыхъ, орэдыжъхэр арыгъэ. (11) Хъугъэ-ш1эгъэ пшысэ хъырахъишъэмэ ахагъаплъэу к1алэхэм л1ыгъэ шэн-гухэлъхэр агу къыщырагъахьэщтыгъэ. (12) Ныбжьырэ гук1эе гупшысэу орэдыжъмэ ахэгъэщагъэмэ ак1эдэ1ук1хэу, л1ыгъэ зыхэлъхэр щынагъуи, тхьамык1агъуи апэуцужьынэу агу теубытагъэ щызэкъуадзэщтыгъэ а хьак1эщым.

(13) Хьак1эщ пстэури зэфэдагъэп. (14) Унагъо пэпчъ хьак1эщ и1агъ, ау зихьак1эщ ренэу нэк1эу щыти мымак1эу ахэтыгъ. (15) Зихьак1эщ ц1ыфмэ к1уап1э аш1ыщтыгъэр зил1ыгъэрэ зиц1ыфыгъэрэк1э агу нахь зыфак1орэр арыгъэ.

(16) Аужыпкъэм, унагъом, илъ гъомылэ 1эш1ур апэу зынэсыщтыгъэр хьак1эщыр арыгъэ.

(17) Пчыхьэр хэк1отэгъэ хьазырэу Батым ихьак1эщи 1анэхэр къахьыгъ. (18) Ерстэм къызепсыхыгъэм ыуж бащэ темыш1эу псынк1эу т1эк1у агъэшхэгъагъ — хьазыр охъуфэ, хьак1эр амыгъэнэк1эу сыдми зыгорэм хагъэ1эн фэш1эу. (19) Ау хьэк1э 1анэр хьазыр къызыхъугъэр джыры ны1эп. (20) Фэкъол1 унэгъо ц1ык1ук1э, 1анэу къахьыгъэм ипчъагъэрэ шхын зэмл1эужыгъоу къызэблахъурэмрэ зелъэгъум, Ерстэм ыгъэш1эгъуагъ. (21) Хьак1эщ шъхьангъупчъэ гъуанэмк1э иплъызэ, мы унагъом бзылъфыгъэу рилъэгъуагъэр ныо закъу. (22) Мэфэныкъо къодыек1э зы ныом ы1эшъхьит1ук1э афэдиз гъомлапхъэр къыш1ыныр — ар ш1ошъы хъугъуай. (23) «Зэрэхъурэмк1э,— ы1уагъ ыгук1э Ерстэм,— абдзахэмэ афэдэу, мыщи гъунэгъухэр зэдэ1эпы1эжьых, гуш1уагъоми, тхьамык1агъоми а1э зэк1эдзагъ. (24) Ау Батым иунагъуи ащ фэдэ ц1ыфыгъэ имылъыгъэемэ, арэу 1эпы1эгъу къыфэхъужьыхэныеп — а к1алэм ц1ыфыгъэ хьалэлыгъэри къолъ».

***Ответами к заданиям 2-15 являются цифра, слово, словосочетание.***
***Ответами в 16 задании являются: а) приведение верного аргумента из текста (словосочетание) / б) формулирование аргумента (ответ должен состоять не менее чем из трех предложений).***

2 «Хэта ц1ыфмэ зихьак1эщ к1уап1э аш1ыщтыгъэр?» зыфи1орэм иджэуап хъурэ гущы1эухыгъэм иномер къэтх

Джэуап: ____________________________

3 Я (13) гущы1эухыгъэм чыйзэфэш1ыгъэ макъэ зыхэт гущы1эр къыхэтхык1.

Джэуап: ____________________________

4 Я (6) гущы1эухыгъэм лъэпсит1у зи1э гущы1эр къыхэтхык1.

